БУХАДИЕВ МУСА

ТЕРКО ЙУКЪ ЙОСТУЧОХЬ

байташ

СОЬЛЖА-ГІАЛА
2023 ШО

УДК 8-1С2
ББК 84(2Рос=Рус)6-5
Б 94

Бухадиев Муса
Б 94 Терко йукъ йостучохь / М. Бухадиев. – Грозный: АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий». 2023. – 240 с.

Мужалт тIехь Шамурзаев Шемалан сурт

ISBN

УДК 8-1С2
ББК 84(2Рос=Рус)6-5

© М. Бухадиев, 2023
© Союз писателей ЧР



ТЕРКО ЙУКЪ ЙОСТУЧОХЬ КХОЛЛАЙЕЛЛА ОЙЛАНАШ

Тахана Бухадиев Мусан цIе шуьйра йовза йоьлла нохчийн исбаьхьаллин дешан мах хадо а, цуьнан чам хууш а болчу йешархошна. Иштта цуьнан кхолларалина тIе тидам бахийтина вайн иллиалархоша а, йишлакхархоша а. Кагерманова Раисин, Адамова Тамарин, Исмаилов Ризавдин а, Шарпуддин а, кхечеран а репертуарашкахь кест-кестта хезаш ду Бухадиев Мусан дешнаш тIехь даьхна иллешший, эшаршший. Культурин декъехь зеделларг долчара а, могIарера ладогIархоша а лаккхара мах хадабо церан.

Йуьртбахаман декъехь къахьегаран некъ къоначу шерашкахь дуьйна хаьржина ша хиллехь а, Бухадиев Мусана школехь ша доьшуш волуш дуьйна дукхаезара нохчийн литература. ГIарабевлла бевзаш болчу вайн йаздархоша йаздина могIанаш цуьнан синхаамашна тIеIаткъам беш хуьлура. ТIаккха къоначу стеган даг чохь ша-шаха кхоллабала буьйлира шен ойланашкахь цо цкъачунна къайлехь латтош болу шатайпа мукъамаш. Цо уьш гондхьарчарна ца бовзуьйтура, цхьана

ханна дIахьулбинера, кхиъна йаьлла, тIома поэзи царах хилла йаллалц. Бакъду йукъа-кара, Теркйистан районан газетан агIонаш тIехь шен цхьайолу стихаш зорбатухура цо.

2004-чу шарахь арахийцира Бухадиев Мусас шен дуьххьарлера берашна лерина башха йоккха йоцу книжка.

«Дош-доца, муш-беха» аьлла цIе тиллира цо цунна. Хууш ду, муьлхха а авторна доккхачу маьIнехь ду ша йаздина могIанаш цхьана гуларехь арахецар, ишта хазахетаран синхаамаш Мусан а билггал хилла хир бу. Амма цо берашна лерина зорбанера арайаьккхина йолу и гулар дика хилам а бара нохчийн литературехь, хIунда аьлча дуккха шераш дIадахнера цул хьалха вайн кегийчарна лерина, баккъал а цара хазахеташ йоьшур йолу ишта книжка арахецаза.

Цу гуларх лаьцна шена хетарг олуш, гIараваьлла вевзаш волчу нохчийн мотт таллархочо, Iилманчас Джамалханов Зайндис йаздора: «Стихашкахь дешнаш дагардар барамал т1ехдаккхахь, царах кхетар хала а, чолхе хуьлу, цундела суна луур ду поэто шен стихашкахь цхьанатайпанара меженаш (кхузахь: цхьамогIа цIердешнаш автора дагардар – Б.Хь.) йагаръйар кIезиг хилийтар».

Шен дуьххьарлерчу гуларх лаьцна тхойшиннан хиллачу къамелехь Мусас соьга элира: «Суна чIогIа мехала а, сийлахь а ду Джамалханов Зайнди санна волчу къонахчо сан могIанех хастаме а, церан ледара агIонаш билгалйохуш а мел аьлла дешнаш. Цу тIехь

Зайнди бакълуьйш хилар а къобалдо ас. Амма сан Іалашо кхин йара – цу кеппара дешнаш а ловзош, вайн мотт «самсабаккхар». Вай кегий бераш долчу хенахь хуьлур-кха, дукхахьолахь дуьззина маьІна а доцуш, бес-бесарчу дешнех вовшахтесна дагардарш. Уьш атта дагахь а Іемара, берашна мотт бийца Іаморехь цара доккха гІо а дора аьлла хеташ ву со». Цу тІехь Муса харц цахиларх кхета деза вай.

Тукар, тІара, тайдечиг,
Топ, тапча, тур, шаьлтий,
Ков, аьлха, тІулг, гІайракх,
Сахьт, мухІар, гуьлмаьндий –
Муьлха деза, ахь ала,
Сан кІорни, самадала…

ХІинца тахана вай берашка, дагардинчу оцу дешнийн хІун маьІна ду аьлла, хаьттича, царах нийсса ах дешнийн маьІна далур дац цаьрга, хІунда аьлча карарчу хенахь уьш дукхахдерш вай къамелехь шайх пайдаоьцуш цахиларна.

Берийн бешахь, школехь, кхечанхьа, берашна иштта стихаш Іамош, йовзуьйтуш, церан хаттар хІуттур ду, хІокху йа вукху дашо хІун боху-те, и хІун йу-те аьлла. Цу тІе а, мацахлера, хІинца массарна а дицделла долчу аганан иллин йа эшаран жанр йухаденъйарехь а пайдаэца мехала масал ду и.

«Со-м, нана, цецъйаьллий…» цІе йолчу берийн байтехь жимачу йоІана гІенах дуьхьалтуьйсу «кхийра

кхаба», «попан чийлак», «аьчкан черма», «ножан шелаг», «чуьйнан йай», «буька зайла», «можа карчолаг», иштта кхин а. Уьш дукха хан йоццуш хьалха вай а, вайн дайша а Іер-дахарехь пайдаоьцуш лелийна гІирсаш бу. Жимачу йоьІан цІийн кхайкхамо гІена-кхоьлах церан суьрташ дуьхьалтуьйсу, царах цецйаьлла йу иза. Нанас:

– Дала дойла дика мел дерг!..
Цец ма йала, сан хазаниг,
Цо-м (Дала - Б.Хь.) хьуна ирс деллий! -

аларца кху дуьненахь мел дерг сийлахь – воккхачу АллахІера хиларх болу дуьххьарлера кхетам-хьехам бо шен йоІана.

Кегийнаш жимчохь дуьйна къинхьегам безаш, Іилма Іамо лаам болуш кхетош-кхиорна лерина йу «Маьлхан зІаьнарш-седарчий» цІе йолу стих.

Маьлхан зІаьнарш – седарчий,
Оьзда тайна мехкарий
Ламаз-марха дуьтуш бац,
ХІусамехь беркат хедаш дац.

Иштта Іалашо йолуш кхоллайелла Бухадиев Мусан «Дика кІентий – дика гІала» цІе йерг а. Кегийчу кІенташна хьоьху автора, къонахчо цкъа а арз деш цахилар, хІунда аьлча иза мохк ларбеш ву, хан-замано гІел ца веш, иза веха шен сийлахьчу цІарца. «КІант, ма йетта эрна йорт», – аларца, къонах цунна масалина вуьйцу цо.

Бухадиев Мусас шен ахзабаречу стихашкахь берашна гуттар хьоьхуш дерг ду да-нана ларар, гІиллакхе хилар, къа ца хьегча ирхо йаккхалуш цахилар, эрна хан йайар къилахь хилар, къонахчун цІе уггаре сийлахь дарж хилар.

Шен мехкан илланча бакъволу илланча вац, нагахь цо ша кхиийначу ненах, хьомсарчу дайн лаьттах, сийлахь-безачу ненан маттах лаьцна даггара байташ ца йазйинехь. Бухадиев Мусана уггаре гергарчех бу царах лаьцна болу синхаамаш. Цо уьш бовзуьйту маьрша, паргІата, дозаллица уьш вайна бийцарца, вайн синхаамаш а меттахбохуш. Нохчийчоь–Даймохк, хьомсара нана, ненан мотт – уьш уггаре хьоме цІераш йу цунна. Нохчийчоьно мел лайна баланаш бийцарца цхьаьна Бухадиев Мусас дозаллица, цкъацкъа доза доцчу кураллица дІакхайкхадо массаьрга, вайн Нана-Нохчийчоьно цкъа а, горахІоьттина, шен сий цадайар, къизаллий, Іесаллий, йамартлой, хІиллий цхьана ханна кху махка хьийзинехь а, кхузахь царна толам баккха аьтто хирг цахилар, хІунда аьлча кху мехкан доладан дай даима хилла дела. Ткъа нохчийн дайн дахаран зІе генна генарчу бІешерашкара схьа йу:

Хьалхарчу Азера, Месопотамера,
Тигаран, Йевфратан шеларшна йуккъера,
Цу Шема-Шумеран сийначу арара
Адаман бераш ду, нохчий ду тхо!

Амма уьш бац, шайна пайденна долчохь, нохчий ду шаьш бохуш, вайн ширачу халкъан цIарах байракх йина леларш. Уьш бу шайн цIийца нохчалла ларйина нохчий, нохчаллин новкъа тIехь схьабогIуш берш, нохчалла Дала шайна делла совгIат хилар хууш, цо шайн мохк, къам лардан доьналла делла, дайн оьздачу гIиллакхех хер ца белларш.

Ийманца, исламца, собарца, гIиллакхца,
Ларамца, тешамца, бакъонца, марзонца
Лууш ду тхо даха дуьнен чохь массаьрца.

Адаман бераш ду, нохчий ду тхо! – иштта бу церан лаам.

Везачу Дала «Дахаран некъахь// беллачу кхетамца, лаккхарчу декъехь// Ойланца, дегIаца, хьайн цIийца// Кхолларна бусалба, мотт а луш бийца// Турпала нохчичун ненан мотт сийца, Ахь Далла хастам бе», – аларца Бухадиев Мусас йуха а карладоккху вайна Дала вайн цIийца схьабелла ненан мотт деза совгIат хилар, тахана нохчаллех хербелларш, и совгIат дуьненан хьолах хийца гIерташ, и бийцар къуьйлуш хьийзахь а.

Тукхам-тайпа нохчийн делахь,
ВорхIе да хьан нохчи хиллехь,
Нохчийчоь хьан нана йелахь,
Ненан мотт синкхача белахь,
Орамера нохчи ву хьо –
Даллий бен хьан сужуд дацахь!

Нохчалла боху кхетам къаьсттина меттиг дIалоцуш бу Бухадиев Мусан кхолларалле хь. Кху лаьтта тIехь уггаре лекха а, сийлахь а дарж ду цунна нохчалла, «Нохчашна нохчалло луш бу синкхача… Нохчалла тайниг йац: эхь-ийман ду!» Ткъа шайн догIмийн лаам хьалха баьккхинарш бIаьрзе бу, дуьненан бахамах нохчалла а йоьхкина, хIара бIарлагIе дуьне шайна гуттаренна даа делла цахилар дицдина, шаьш дакъазбевлла ца Iаш, шайн луур тIедаьлча, дерриге нохчийн къам нохчаллех дохо гIерташ.

Лоьхуш ву хьо дуьне даар,
ДегIан лаам кхочушбан.
Цуьнан лай хьо мел ву хаа –
ГIийла меца ду хьан са.
Дуьне доца ду хьан, лазам,
Цхьаъ воцург – кхин Эла вац.
ШайтIане урх ма ло, адам.
АллахI воцург, накъост вац!

Нохчийчоь, даймохк, ДегIаста, туьйране Шема, вайн хьомсара дайн латта хьахочохь Бухадиев Мусас сих-сиха дIахутту царах **НАНА** боху сийлахь – йеза цIе.

Нохчийн махкахь, нохчийн маттахь
Ненал хьоме хIума дац.
Цуьнга болу мерза безам
Оза цхьа а терза дац.
Хьо – тхан маршо, хьо – тхан чIагIо,

Хьо – тхан гІиллакх, тхан лакхе! –
Дала йиэ хьо декъал-сийлахь,
Тхан ирс-безам, тхан дуьне!

Хьомсара нана Бухадиев Мусан лирикин турпалхочунна йу уггаре хазаниг, дашониг, жовхІаре, маьлхан а, беттан а серло, шовданан цІеналла. Иза йолчохь ву иза ирсе, самукъане, йалсаманехь санна. Иза йолчохь ду цунна беркат, марзо, дарба, цуьнца дика хиларца Делера къинхетам шена хиларе дегайовхо а.

Сонталла, даьсса дозаллаш, Іеса куралла хийра йу Бухадиев Мусан лирикин турпалхочунна. «Йе-е, гора кура кІентий!», «Іеха ма ло», «Меца са», кхийолчу а байташкахь цо йемалбо гІиллакх-оьздангаллах боьхнарш.

Куй лекха тилларах,
Сий айлуш дац хьуна.
Мекх тайна кхиорах,
И дустуш дац хьуна.
Герзах хьо вотталарх,
Нах кхоьруш бац хьуна.
Киса ахь дузарах,
Хан соцуш йац хьуна…

«Дахаран биъ бІогІам», иштта кхин а цхьамогІа байташ йу Бухадиев Мусан дахаран маьІнина, тІекхиа гІерташ йиначу ойланехь йазйина. Дерригенна а жоп даллал кхетам адамна Дала белла бац, дерриге хууш,

гуш верг Ша бен цахиларна. Делахь а, кIорггера ойланаш йеш верг цу къайленна герга-м кхочу, йуьззина шега и схьа ца йасталахь а. Бералла, жималла, воккхалла, къаналла – уьш бу цуьнан лирикин турпалхочун дахаран биъ бIогIам. Бералло заздоккху, къоналло цунах стом кхиабо, воккхалло тIелоцу ша кхиийначу стоьмах жоьпалла, ткъа:

Къаналла – беркат ду, бералла цуьнца йу,
Гуо болор, и берзор вовшашна герга.

Цхьаверг хьалххе кхета, ткъа важа шен тIаьххьарчу хенахь бен ца кхета шена зиэн делла моьттуш ша диъна дуьне адам зиэн Iалашонца вайна делла цахиларх, «Хилла-кха хьошалгIа даьхкина вай…» бохучу гIайгIане, дохковаларан ойланашка воьду иза.

Лирически турпалхочун оьзда, цIена, сирла синхаамаш гойту Бухадиев Мусас шен байташкахь. «Нанас суна цайинарг» стихотворени иштта д1айолало:

Марша Iайла, марша Iайла,
Йовза, къаста карийнарг!
Дала Ша хьо декъалйойла,
Хийла ас сатийсинарг!

Кху могIанашкахь гуш йу йоI йезайеллачун йоккха гIайгIа. «Йовза, къаста карийнарг» аларехь го йешархочунна цуьнан и синхаам жоьпаза хилар, цу йоIаца шен дахаран некъ боза дегайовхо йац цуьнан

вайна цадевзачу бахьанина. Къастаран де тIехIоьттича, цхьана а кепара оьгIазло, дегабаам бар йа бехкбиллар дац цуьнан тIаьххьарчу къамелехь, «Сан хьол хьоме хIумма ма дац// Диц ма дехьа иза, йоI…» – аьлла, цуьнан дуьненан ирс хила шена лаар дIахаийтар бен. Шен са оьзда синхаамаш бовзийтаран лакхе цо йаькхина «Даймехкан Iаламехь» цIе йолчу байташкахь. Вайн лирикан турпалхо ву «Цу Теркан гIа-бецан гарманан арахь// Аьхкенан чаккхенехь, гуьйренан йуьххьехь,// Iалам шен духаршца толучу хенахь гIаролан чардакхехь». ТIаккха гIан-набаршкахь «гIенаха гIов йеъна», шен дог-ойла йийсаре лаьцна, безам лаьтташ йолу йоI схьакхачаран хан гайтар мел говза, исбаьхьа кхолладелла байтийн авторе:

Горгбелла, буьзна бутт къегинчу хенахь,
Чамица Чухчахьер лепачу ловзарехь,
Пхуьйрахан билгалъйеш, кхеттачу тачанехь,
Терко шен йукъ, хецна, йостучу махкахь,
Анайист хедачу эрначу арахь,
АгIазо маша беш, буцучу хенахь…
… Са пана доккхучу башхачу хIонехь,
ГIалартийн аматаш хIуьттучу хенахь…

Ткъа оцу исбаьхьчу хIоьттинчу ирсечу бIарлагIах ша хаьдча, «Мел ваха веза-те гIенера туьйранехь?!» – бохучу хаттарца – айдарца го вайна безаман йийсаран дог-ойла мел айамехь а, лаккхарчу гIайгIанехь а хилла.

«Весет», «Іаьржа бІаьргаш», «Жималла», «Кийча ву со», кхин а йу Бухадиев Мусан безамах лаьцна йазйина байташ.

Ткъа «Хьо соьга йагІахь…» цІе йолчу байташкахь безаман синхаамаш лаккхарчу синайамехь бовзийтарца нохчийн халкъан барта кхолларалле ра мукъамаш карлабоху:

РегІан дукъ хадочу ГІулозан аганахь,
ЦІазамаш кхуьучу сен-кока боьрахь,
Мехашна къевлинчу къилбанан басахь,
Са пана доккхучу зезагийн майданахь,
Дарбанан хиш долчу шовданийн лулахь,
ЧІуг йетташ догІучу татолан йистехь,
Детешца лепачу Башломан гІопехь…
ГІиллакхаш, амалаш кІедачу махкахь,
Терко йукъ йостучу шерачу арахь,
Бакъ кІентий бевллачу йарташна уллохь,
Новр вехаш хиллачу Лакхарчу-Неврехь
Дехар ду вайша, хьо соьга йагІахь!

«Терко йукъ йостучохь» – иштта цІе тиллина Бухадиев Мусас шен рогІерчу, хІинца цкъа зорбанера арайаьлазчу гуларна. ХІокхул хьалха, 2006-чу шарахь, «Ойланийн некъаш» цІе йолчу гуларна а, шен дуьххьарлерчу книжкина а йукъайахана цхьайолу стихаш а, ша царал тІаьхьа йазйинарш а йукъайахийтина поэто шен кестта арахеца леринчу кхоалгІачу гуларна. Иштта биъмогІанашкахь ша дІайазйина да-

харх а, дуьненах а лаьцна шен кхоллаелла ойланаш а йовзуьйтур йу цо нохчийн поэзи йезархошна. Уьш дика а нисъелла цуьнан:

* * *

Доца делларг доца лоьхуш,
Доза доцург деха лоьхуш,
Валар, вахар дIа ца тоьттуш,
Даха, адам, дала хууш.

* * *

Барз лекха хIоттийна, ваьлларг буьххье,
Ор хьанна дуьту ахь, йезашверг лакхе?
Дика-м го буьххьера, йац иза къайле,
Борз иэша йоллу-те, ор дуьсуш чевле?...

Бухадиев Мусас Терко йукъ йостучохь шен кхоллайелла ойланаш йешархойн кхиэле комаьрша охьайохку. И могIанаш тидамца боьшучарна бевзар бу шен даймехкан кIентан Нохчийчоьне, хьомсарчу нене, массо а адамашка болу доза доцу лерам, безамо са пана даькхкхинчун лаккхарчу синхаамийн оьздалла, цIеналла, хIокху дуьненан а, дахаран а доккха зиэделларг долчу къонахчун хьекъале а, маьне а хьехамаш.

БУРЧАЕВ ХЬАЛИМ,

Нохчийн Республикин
халкъан йаздархо

ДАЙМОХК.
НАНА.
НОХЧИЙЧОЬ



ДАЙМОХК

Нохчийчоь – Даймохк, тхан хьомсара нана,
Мел хаза, мел хьоме цIераш йу хьан!
Ма чIогIа даздина да-нана Дала,
Цо цаьрца схьабелла хьоь безам тхан.

Ахь хийла баланаш, гIайгIанаш лайна,
Нанас бер санна, тхо марахьерчош.
Хьо горахIоьттина, сий ма ца дайна,
Йерина йожийча, ирахь карош.

Хьоьца тхо даима сий долуш хилла,
Дуьненна девзина доьналла вайн.
Къизалла, Iесалла, йамартло, хIилла
Дехар дац Нохчийчохь. Мехкан бу дай!

Хьол хаза, хьол хьоме, хьол дагна тайна
Дуьнен чохь мохк ма бац хьол дика цхьа.
Туьйра тхан. Тхан илли. Тхан деган жайна,
Хьоь болу безам тхан ширлур бац цкъа.

ДегIаста-Даймохк тхан, хьомсара нана,
Йехийла декъала, ирсдолуш хьо!
Хастам бу тхуна хьо йеллачу Далла,
Цо лойла, нана, хьо Iалашйан гIо!

НОХЧАЛЛА

Хьалхарчу Азера, Месопотамера,
Тигаран, Евфратан шеларна йуккъера,
Цу Шема-Шумеран сийначу арара
Адаман бераш ду, нохчий ду тхо!

Элчанан умматах, ИбрахIиман миллатах,
Нохь-пайхамаран цIийнах, хурритийн орамах,
Йевзачу арара бакъболчу элех
Нохчалла ларйина нохчий ду тхо!

АллахI ша цхьаъ винчех,
Вайн Элча бакъ винчех,
Устазаш лоьручех,
Нохчаллин новкъа тIехь нохчий ду тхо.

Нохь-пайхамаран цIарах цIе хIоьттинчу къомах,
Цу цIеран сий лардеш, синош ца кхоийна,
Эзарнаш шерашкахь эхь-бехк ца дайина,
Нохчалла совгIат долш нохчий ду тхо!

Кавказан лаьмнашкахь Дала ша дахчийна,
Дуьнен чохь массарел исбаьхьа мохк белла,
И ларбан, къам лардан доьналла а дела,
Дзурдзукаш, нахаш ду, нохчий ду тхо!

Гергарло хIуьттучех,
Хьаша-да лоручех,
Харцо ловр йоцучех,
Нохчаллин новкъа тIехь нохчий ду тхо!

Бакъонца, нийсонца доттагIий хин бериш,
Машаре кхойкхучохь машаре догIу дерш,
ТIамций бен некъ бацахь, и некъ тIелоцу берш,
Нохчалла ца хуьйцуш, нохчий ду тхо!

Адаман, Хьаван а берашна, адамашна
Дуьнен чохь зуламца гIон доцу, ца дахна,
Иэхь-ийман Делера дуй хууш, лардина,
Нохчаллин некъа тIехь нохчий ду тхо!

Ден-ненан сий дечех,
Йиша-ваша дезачех,
Доьзалийн дай долчех,
Нохчалла сийлахь йолуш нохчий ду тхо!

Ийманца, исламца, собарца, гIиллакхца,
Лерамца, тешамца, бакъонца, марзонца
Лууш ду даха тхо дуьнен чохь массаьрца.
Адаман бераш ду, нохчий ду тхо!

Дуьненахь, эхартахь нийсачу некъа тIехь
Йаххьаш тхайн кIайн йолуш, Къематан дийнахь
Тхайна Хьо везачех, Хьайна тхо дезачех
Дехьа тхо, Йа АллахI, цхьаъ волу Эла!

НЕНАН МОТТ

Хьайна хьуо мел вевза дахаран некъахь
Беллачу кхетамца, лаккхарчу шовкъехь,
Ойланца, дегIаца, сица, хьайн цIийца
Кхолларна, бусалба мотт а луш бийца

Нохчичун ненан мотт пусар деш, сийца,
(Ахь Далла хастам бе!) ДIадаккха, хийца
Цхьа а вац кхоьллина Цо делларг цIийца,
Цул деза совгIат дац ненан мотт бийца.

Дуьненахь, Эхартахь хир ма вац сийца
АллахIан совгIаташ гIерташ верг хийца.
ХIоранна белла мотт Дала шен цIийца,
ДIабаккхар цуьнгахь ду къуьйлуш берг бийца.

НОХЧИЧУН НОХЧАЛЛА

Нанна кIант хилалахь, нохчи, хьо хьалха,
Кхо дакъа ду хьуна цу ненан хьох.
ТIаккха хьо дена воI хилалахь – шолгIа.
И Дала Iу винарг ву хьуна шух.

Йишица, вешица хилалахь мерза,
Хьан ненан кийрара бу хьуна уьш.
Дог хьостуш церан, хьо йуьхь дуьхьалверза,
Царал хьан гергара бац цхьа а вуьш.

Диканца дазделахь ахь церан терза-
Дуьненахь, эхартахь карор ду и.
Эхь-ийман, гIиллакх ду къонахчун терза,
Нохчаллин стом, орам бу хьуна и.

Дала и нохчалла йелла хьан цIийца,
Массарел маьрша деш нохчичун са.
Исбаьхьа мотт белла Цуо хьуна бийца,
Бусалба дин даржош, нийса некъ бан.

Дала хьо турпала кхоьллина, нохчи,
Дуьненан халонаш собарца лан!
Хийла да гIиртина хьо горахIотто –
И кхочуш ца хилла. Хир а дац цкъа!

Делан бен лай воцу турпала нохчи,
Цхьаъ бен, кхин бац хьуна нийсаниг некъ.
Эхь-ийман доцуш верг вац хьуна нохчи,
Дала вай лардойла харц бечух некъ!

Кхоьллинчо декъала дойла вай массо,
Адаман, Хьаван а бераш ду вай.
Тоба деш, харцонна довлалаш дохко,
Бакъдерг бен дац шуна йуьхь йийриг кIайн.

НОХЧИЙН МАХКАХЬ

Берийн зевне аьзнаш дека
Нохчийн махкахь массанхьа.
Лаьмнийн баххьаш детех лепа
Дашо маьлхан зІаьнаршца.

Тхан Даймохк – тхан хьоме нана –
ХІор а денна хазлуш йу.
Хьо йевзина кху дуьненна,
Хьоьца тхо ма ирсе ду!

Нохчийн махкахь бертахь деха
Массо къаьмнаш вовшашца.
Нохчийн адам, дерза цІехьа,
Дехар ду вай толамца.

Тхан Даймохк, тхан деган жайна,
Хьо – тхан туьйра, тхан илли,
Хьо массарел аьхна, тайна
Тхуна-м совгІатна йеллий.

Сийна стигал йекхна маьрша,
Соьлжа-ГІала – нускал кІайн,
Адам, Іалам – жовхІарш цІена,
Къонахий бу мехкан дай.

Тхан Даймохк – тхан хьоме нана –
ХIор а денна хазлуш йу,
Хьо йевзаш йу кху дуьненна,
Хьоьца тхо ма ирсе ду!

ОРАМЕРА НОХЧИЙ

Тайпа-тукхам нохчийн делахь,
ВорхIе да хьан нохчий хиллехь,
Нохчийчоь хьан нана йелахь,
Ненан мотт синкхача белахь, –
Орамера нохчи ву хьо,
Даллий бен хьан сужуд дацахь!

Хьаьжин-цIа хьан къилба делахь,
Бакъ пайхамар бакъвеш велахь,
Ийман, Iилма калам делахь,
Хьо устазаш лоруш велахь,–
Орамера нохчи ву хьо,
Даллий бен хьан сужуд дацахь!

ГIиллакх-гIуллакх хьоьца делахь,
Хьо хьайн дешан да а велахь,
Эхь-бехк сица, цIийца делахь,
Нохчалла хьан бахам белахь,
Орамера нохчи ву хьо,
Даллий бен хьан сужуд дацахь!

Комаьршалла хьоьгахь йелахь,
ГIийлачунна накъост велахь,
Собар, тешам хьоьца белахь,
Хьо къинхетаме а велахь,–
Орамера нохчи ву хьо,
Даллий бен хьан сужуд дацахь!

Адам, Іалам лардеш велахь,
Дала бохург деш хьо велахь,
Делан дуьхьа деш дерг делахь,
Деллачунна хастам белахь,–
Орамера нохчи ву хьо,
Даллий бен хьан сужуд дацахь!

Вац хьо нохчи, иштта вацахь,
Цхьаъ волчуьнца накъост лацахь,
Орам талла нохчи вац хьо,
Йа хьо хир вац, ийман дацахь.
Нохчи Делан лай ву – хьалха,
ТІаккха нохчи ву и – шолгІа.
Хатта даге, нохчи вуй хьо,
Дала витац шен лай цхьалха!

ХЬАША ВУ ЛОМАХЬ СО

Хьаша ву ломахь со, хиларна кхоллам,
ТIом бахьнехь веана ган доьгIнарг ган,
Сий лардеш иэгначийн кошан барз, хIоллам
Iалашбан, лардан уьш, гуш доIа дан.

Хьаша ву ломахь со, хиларна кхоллам,
ТIом бахьнехь веана, йаздинарг дан,
Сийлахьчу Даймехкан сий-пусар, тIалам
Ларбан, и ларбайта дIадала са.

Хьаша ву ломахь со, хиларна кхоллам,
ТIом бахьнехь веана. Хаац, хIун дер.
Тарло со орамо бан вехна таллам,
АллахI ву хууш верг, гIийбат ду лиэр.

Хьаша ву ломахь со, хиларна кхоллам,
ТIом бахьнехь веана. Хаац, хIун гур.
Лахьтано вехнехь со, гайта сайн хIоллам,
Мах беш, ас дехнарг ду бакъонан нур.

Хьаша ву ломахь со, хиларна кхоллам,
Рицкъано, йозано валийна схьа.
Бан безарг чекхбаьлча зуьйш кхузахь таллам,
Кхачор ву шен метта Ницкъболчо дIа.

ТХАН ХАСТАМ, ШУКУР ДУ, ЙА АЛЛАХІ, ХЬУНА!

Хьуо везар делла Ахь, са маьрша даккхарна,
Хьайх кхерар делла Ахь, вуон долчух лардарна,
Бусалба кхоьллина, къинхетам Ахь барна,
Тхан хастам, шукур ду, Йа АллахІ, Хьуна!

Адамашна, жинашна Ахь калам даларна,
И доссо, и кхайкхо бакъ Элча валарна,
И даржо сий долу асхьабаш баларна,
Тхан хастам, шукур ду, Йа АллахІ, Хьуна!

Дин хьеха Ахь тхуна устазаш баларна,
Дуьнен чохь цхьаьнакхета Хьаьжи-цІа даларна,
Хьайн цІенош дина, Ахь маьждигаш дайтарха,
Тхан хастам, шукур ду, Йа АллахІ Хьуна!

Нохь – пайхамаран цІарах къоман цІе хІотторна,
Цу цІарца Ахь тхуна цІена цІий даларна,
Дуьнен чохь башханиг Нохчийчоь йаларна,
Тхан хастам, шукур ду, Йа АллахІ, Хьуна.!

Ахь тхуна ийман чохь дай-наной баларна,
Уьш лара, уьш беза Ахь марзо йаларна,
Гергарло леладан йиш-ваша даларна,
Тхан хастам, шукур ду, Йа АллахІ, Хьуна!

Хьайн парзаш кхочушдан ницкъ тхуна баларна,
Лазаршна сатоха Ахь собар даларна,
Беркате, хьанала рицкъанаш йаздарна,
Тхан хастам, шукур ду, Йа АллахI, Хьуна!

Ахь тхуна Хьуо вицвеш вуон-дика ма лолахь,
Хастам бан, шукур дан Ахь товфикъ лолахь.
Йарабби, Йа АллахI, ХIай везан Дела,
Мел долчу хIуманна Хьо цхьаъ ву Эла!

НИЦКЪ ЛОХЬА, ЙА АЛЛАХІ, ТОЛАМЦА ГІАТТА

ДегІаста-нана сан, дай баьхна латта,
Ницкъ хьуна хьан белла доьналлехь латта?

Йохийна, йаржийна, йагийна, хьаьшна,
Сий дайа сийсазйеш, бехйина, аьтта,
Човхийна, Іовжийна, йерина, аьгна,
ЦІий худа ца кхуьуш, дузийча латта,

Ницкъ хьуна хьан белла бакъонна гІатта?
Нана сан-ДегІаста, дац хьуна атта.

Куралла, сонталла, йамарта кІело,
Боьхалла, Іесалла, къизалла, харцо,
ШайтІанан дозалла, иблисан серло
Бода-бІо боьссина ийманах хадо.

ДегІаста хІаллакйан, толамаш карчо,
Маршонан садаккха, хьарчадан марчо,
Ницкъ цунна хьан белла сел гайта иэрчо? –
Кхоьллинчо гІо лур ду бух йаккха харцо.

Адамалла, вошалла, ийман йа собар,
Комаьршо, къинхетам, гІиллакх йа декхар,
Боданца серло йац, вогур ву копар,
ШайтІанца вахар дац – кхин ду вайн декхар.

Мегаш дац ДегIастахь меъ нIаьнех декар,
Накхар-моз дарба ду, ца деза шекар,
Ца оьшу, ца деза иблисан хьехар,
ДегIаста маьрша йар – и ду вайн декхар.

ДегIаста – нана сан, дай баьхна латта,
Ницкъ лохьа, йа АллахI, толамца гIатта!

ДИКА А, ВУОН А УЗУШ ДУ ТЕРЗА

ХIай, суна шаьш каш даккха гIиртинарш доггах,
Со-м хIинца а ца велла, вехаш ву хIоккхехь,
Бел аьрта хили шун йа латта чIогIа,
Ца хили шуьгахь сан Iожаллин догIа?

МостагIчо лаг лаьцна, когех кайиттинарш,
Дуьненан бахамех нохчалла йоьхкинарш,
Мел даха гIерта шу, мила ву вехаш? –
Берзалойн, чагIалкхийн шайн-шайн ду некъаш.

Орамехь нохчи вац нохчалла йоьхкинарг,
Делера совгIат ду нохчаша лардинарг,
Нохчалла тайниг йац – эхь-ийман ду!
Цунах шу кхетар дац – са меца ду.

Нохчашна нохчалло луш бу синкхача.
Гай бахьнехь кийча берш ден мере кхача,
Лаам бу дегIан аш баькхинарг хьалха,
Цундела ду-кха шун са меца, цхьалха.

ХIай, суна каш даккха гIиртинарш доггах,
Со-м хIинца а ца велла, вехаш ву хIоккхехь,
Нахана каш даккха ма сихло, кIилло,
Цига-м вай дуьгур ду са Шегахь долчо.

Ойла йе: хIун эцна доьлху вай цига,
ХIун белхаш бина вай дуьнен чохь дика?
Бакъоне, нийсоне, серлоне дерза,
Диканиг, вуониг а узуш ду терза.



ДУЬНЕ А, ЭХАРТ А

Вахар, валар – шиъ бу лазам,
Дийна мел ду, адамехь.
Валар ду-кха тухуш тIадам,
Гушдерг ду и дахарехь.

Жимий-воккхий цо ца боху,
Вайга хоьттуш дац и хан.
И шен хенахь бен ца догIу,
Хан цакхаьчнарг во цо къан.

Валарна биэ, боху, кечам
Дийна долуш оьмарехь.
ДIа ца тоьттуш боцург тешам,
Массо хир ду эхартахь.

Дуьне лаха, боху, Дала,
Вала везар диц ца деш,
Цунах ведда ваха, вала
Меттиг бац хьан. Ду вай леш.

Адам, биэ ахь Далла хастам,
Дийна хиларна кхузахь,
Эхартана кечбе бахам –
Хьеший ду вай хьошалгIахь.

Кисин марчо ду дІахьондерг
Дуьнен чуьра эхарта,
Іамал йу-кха вайца хинйерг
Ваша, накъост, доттагІ а.

Хьанала къахьега, адам,
Беркат ду и дуьненахь,
ЦІена Іамал – дика бахам!
Карор бу и эхартахь.

САН ХЬОМЕ, ХЬОМСАРА АДАМАШ

Да-нана, ненан мотт, йиш-ваша, доьзалаш,
Даймохк,
Гергара адамаш, бусалба нохчийн сан къам,
Сил мерза марзонаш – Делера исбаьхьа чам,
Шул чIогIа чIагIо йац, бац лекха шул цхьа а лам.

Сан бахам, сан безам, сан лазам, син кхача, дог,
Дуьне сан, эхарт сан, дозалла, сий-пусар, хам,
ЦIий цIена орамаш, аш синна, дагна бо там,
Шул деза хIума дац – Дала йиэ ирсе вайн хан!

Сан туьйра, сан илли, сан мелахьаьжа гуьйренан
дохк,
Бутт, седа, дашо малх, бохь лекха цIиэн дешин лам,
Сан молха, сан дарба, хазна, сан ирс-аьтто, там,
Мокхазан чIагIонаш, турпала нохчийн сан къам.

И Дела Ша резаволуш хуьлда вай мел боккху ког,
Цуьнгахь йу мел долчу хIуманан бакъйолу чот,
ДогцIена ойланаш, мерза са, меженаш – ботт,
Сан хьоме, хьомсара адамаш, Iаламаш, мотт…

ШАЙТІАНЕ УРХ МА ЛО, АДАМ

Синтем байна, собар доцуш,
Саца йиш йац бохуш хьайн,
ШайтІане урх йелла кхоччуш,
Ахь хІун лоьху, адам, хІай?

Ведда, хьаьдда, къежаш, цІийзаш,
Парзаш тІаьхьатоьттуш хьайн,
Сирделла хьан Іаьржа мекхаш
Хан йеллий-те дала кІайн?

Лоьхуш ву хьо дуьне даар,
ДегІан лаам кхочушбан.
Цуьнан лай хьо мел ву хаа:
ГІийла, меца хир ду са.

Хила, адам, дегІан эла,
Меца хир дац тІаккха са.
Парзаш кхочушде ахь Делан –
Дезаш ду-кха вай дала!

Дуьне доца ду хьан, лазам,
Цхьаъ воцург, кхин Эла вац.
ШайтІане урх ма ло, адам,
АллахІ воцург накъост вац!

ВИНА ДЕ ДАЗДЕШ

ГIиллакхаш, амалаш кIедачу махкахь,
Терко шен йукъ, хецна, йостучу арахь,
Бакъ кIентий бевллачу йарташна уллохь,
Новр вехаш Iийначу лакхарчу Неврехь,

Дайша бух биллинчу цIонтаройн йуккъехь,
Кемс, паста, шапталаш кхуьучу меттехь,
БухIади Айдин цу тIаьхьенийн гIопехь,
Ойбин воI Мохьаммад вехачу кертахь,

Гулделла тойнехь вай: воI, ваша, доттагI,
Ирсечу доьзалан да декъалван,
Махкана, къомана беркате, хьанал
Вуьззина къонаха вина де даздан.

Кхоьллинчо декъала дойла вай массо
Дуьненахь, эхартахь, къематан дийнахь.
Бакъволу къонаха йу онда чIагIо
Ден метта хIоьттинарг – и диц ма делахь.

Хьан дагахь мел долу массо а дика
Дала, Ша къинхетам беш, дойла кхочуш,
Дага ма догIийла вуониг цкъа хьуна,
Вехийла ирс долуш хьо маьрша, могаш!

ХІу цІенчу орамах хьо вуйла хаалахь,
ВорхІе ден цІе йолуш схьайийца хьайн.
Къонаха боху дарж даржех ма хийцалахь,
Къонахчул деза дарж дац хьуна вайн.



МАЬЛХА-АЬЗНИ, НАНА ТХАН

Сийна аре, лекха лаьмнаш, нана-даймохк,
Нохчийчоь,
Ден а, ненан шина цIарца хьо йазйина
Кхоьллинчо.
Шира бIаьвнаш, йуькъа хьаннаш, бошмаш,
шеларш, шовданаш,
Майра кIентий, оьзда йоIарий, нохчийн турпал
адамаш.

Бац дуьнен чохь мохк хьол хьоме,
Маьлха-Аьзни, нана тхан,
Йерриг хазна йелла хьуна – орам, дог тхан, ойла, са.
Деле оха йоьхуш йу хьо, ахь тхо Цуьнга дехалахь,
Дойла Цо вай декъал сийлахь кху дуьненахь,
эхартахь.

Нохчий махках къасто гIерташ, йина хийла
харцонаш.
Цхьаьнгге цкъа а къар ца делла, нохчийн турпал
адамаш.
Маьлха-Аьзни, хьо тхан нана, хьоме
даймохк-Нохчийчоь,
Тхо хьо йоцуш хир дац ирсе, вайн гIо дойла
Къоьллинчо.

Нохчийн махкахь нохчийн маттахь ненал хьоме
хIума дац,
Цуьнга болу мерза безам уоза цхьа а терза дац.
Хьо-тхан маршо, хьо-тхан чIагIо, хьо-тхан
гIиллакх, тхан лакхе,
Дала йиэ хьо декъал, сийлахь, тхан ирс безам,
тхан дуьне!

КЕРЛА ШО

Ирс-беркат, могшалла, кхаъ бохьуш сирла
ДогIийла Керла шо хIораннан керта.
Безамаш, марзонаш хIитталуш керла,
Къинхетам бойла вайх болчо Шен шорта!

ДогIийла марша хьо, Керла шо, диканца
Халонаш собарца мел лайначарна.
Бакъонца, машарца, марзонца, безамца
Вовшашна диканиг мел луучарна!

ДогIийла марша хьо, беркате серлонца
Серлонан сий-пусар, хастам бечарна,
Ирс-аьтто, могашалла, барт бохьуш нийсонца
Мел дериг Делера дуй хуучарна!

ДогIийла марша хьо, Керла шо диканца,
Ийманца, Исламца, тIаламца, тайна,
ГIиллакхца, гIуллакхца, кхетамца, кхиамца
Адамашна, Iаламна беркате, маьрша!

ХIай, доьду шо, некъ нислуш, хьо маьрша
гIойла,
ГIайгIанаш, баланаш ахь тхан дIахьойла.
Керла шо декъалдеш, цIанйеш тхан ойла,
Марзонца, шира шо, хьо марша гIойла!

Ирс-беркат, могашалла, кхаъ бохьуш сирла,
ДогIийла Керла шо хIоранна керта!
Безамаш, марзонаш хIитталуш керла,
Къинхетам бойла вайх болчо Шен шорта!

ДАЛА МУКЪАЛАХЬ

Сайн син кхача луо ас аьлла,
БІаьргаш къовлуш набарна,
Маьнги тІехь со агІорваьлла,
ПаргІатволуш цІеххьана,

Сирла-сийна стигал санна,
Марха-тача доцуш цхьа а,
Серло йели корах чоьхьа
ЦІена, тайна, зовкхе ша.

Тамашийна хІума дара
Цуьнца долу хаза хІуо,
Цо сан ойла айъинера,
Дагахь цхьа ца дуьтуш вуон.

Жималле цо со вигнера
Ирсе йаханчу сан дІа,
Суна-м цІе сайн йицйеллера,
Цигахь лууш ваха, Іан.

Набаро со Іехийнера,
Ша син кхача суна луш,
Цо сан дог ма дашийнера,
ГІан хиллера суна гуш.

Дависа хьан, маьлхан дуьне,
Хир дац-теша самах и? –
Адам дехаш маьрша, ирсе
Зулам, тІом а боцуш кхин!

Гергарлонаш карладуьйлуш,
Марзо денна йуьйлуш са,
Іалам толуш, дуьне хазлуш,
Бераш доьлуш массанхьа.

Адам, Іалам паргІатдаьлла,
Бакъо, беркат догІуш схьа,
Массо вовшийн къинтІерваьлла,
Нийса новкъа воьдуш дІа.

ТОБА ДЕ!

Дуьнено Iехийна,
ШайтIано тилийна,
МостагIчо воьхкина,
Ахчано эцна,
Дакъаза ваьлла хьо нисвойла Дала!
ДегIаста йицйина,
ГIиллакхах воьхна,
Орамех хьо айхьа
Хадийна, хаьдда,
Дакъаза ваьлла хьо нисвойла Дала!
БIаьргийн нур дайина,
Хьараме кхевдина,
Харцонах некъ бина,
Тешамах воьхна,
Дакъаза ваьлла хьо нисвойла Дала!
Там лоьхуш чархана,
Сонталла аййина,
Дин-ислам – синкхача
Лар йоцуш дайина,
Мича кхача гIерта хьо? Нисвойла Дала!
Хьошалла мичахь ду?
Гергарло хьаьнца ду?
Хьан устаз мила ву?
Хьан уммат муьлха ду?
Ваьржина, воьхна хьо нисвойла Дала!
Да-нана – мерза стом –

Сатийса гIелдина,
Мерзачул мерзанаш –
Йиш-ваша дицдина,
Безамаш, доттагIий –
Синкъерам байина,
Iалашо хIун йу хьан? Нисвойла Дала!
Хьарамо ирс дойуш,
Дебийна кхача,
Шалхонаш, шеконаш
Вуон мохь бу хада,
Кхачор йу дуьнен чохь
Харцонан зама,
Мегар дац, ваша, хьо
Ийманах вала.
Тоба де, самвала! Кхуьур вац кхана!
Да-нана, резадай,
КъинтIера даккха,
Йиш-ваша, дог хьастий,
Марзо сайаккха.
ДоттагIий, безамаш
Хено ша луьттур бу,
Даймахко беркатах
Орамаш хуьттур ду –
Тоба де, самавала! Нисвийр ву Дала!

* * *

Оьшучун, дезачун беш ду вай тидам,
Мел долчу хIуманан хийцало битам,
Диканна СА дала само йе, адам,
Дуьненан дахарна кхетале тIадам.

Са долчун са дала дезаш ду, адам,
Дуьнен чохь бац хьуна цул чIогIа лазам,
Iожалла къайлах йу, хIуттур бу кадам.
Ойлайе, кечамбе даларна, адам.



ХЬОМСАРА НАНА

Нана, нана, тхан хазаниг,
Тхан диканиг, дашониг,
Хьо – тхан жовхIар, хьо – тхан зезаг,
Малх, бутт, седа, шовда, лам!
Хьо – тхан гIиллакх, хьо – тхан лакхе,
Тхан синкъерам самукъне,
Хьо – ирс, безам, йалсамане,
Беркат, марзо, дарба, моз!
Хьо – тхан жайна, хьо – тхан хьехам,
Тхан комаьршо, къинхетам,
Хьо – тхан тешам, хьо – тхан кхетам,
Маьлхан дашо – дато нур!
Хьо – тхан бахам, хьо – тхан токхо,
Деган йовхо, тхан гечо!
Сил а мерза нана хесто
Белла Дала вайна мур.
Йелаелла, йекхаелла
Маьлха-Аьзни – нана тхан,
Тайна, оьзда, цIена, сирла
Дац хьол хаза хIума кхин.
Дац дуьнен чохь цхьаъ хьол хьоме,
КIеда-мерза, собаре.
Йахайе хьо Дала ирсе,
Тхан дог-ойла, тхан дуьне!

ЛАКХЕ

Чорда, морса, бодане,
Шога, дера, оьгIазе,
Аьрха, бурса, кIоршаме,
ГIире, девне, лазаме…

НегIар доцуш дилла тIе,
Бух а боцуш йилла Iен,
КIай а доцуш лаца шен,
Чидам боцу хIай лакхе!

ЦIена, нийса, тешаме,
Сирла, аьхна, беркате,
КIеда-мерза, собаре,
Маьрша, оьзда, гIиллакхе,

КIай а долуш лаца шен,
Бух а болуш, йилла Iен,
НегIар долуш дилла тIе –
Бакъйерг иштта йу лакхе!

Эхарт ду хьан, ду дуьне,
Вайниг йу-кха и лакхе…

ДИКА А, ВУОН А ДЕЛЕРА ДУ

Мел дукха хIуманаш дайна вайн бIаьргашна,
Цагинарш, гундоцурш мел дукха ду,
Ган диснарг хIун ду а хаац-кха вайна,
ХIумма а ца дайнарш ма шорта бу!

Дуккха а хIуманаш хезна вайн лергашна,
Хазаза дуьсу дерш мел дукха ду.
Хеза дерг хIун ду а хаац-кха вайна,
ХIумма а ца хезнарш ма шорта бу!

Мел дукха хIуманаш дуьйцу вай маттаца,
Къинош а, гIийбаташ дина хир ду.
Дуьйцу дерш хIун ду а хаац-кха вайна,
ХIумма а цадуьйцурш ма шорта бу!

Дуккха а некъаш вай теллина когашца,
Таллаза дуьнен чохь мел дукха ду,
Толлу дерш мел ду а хаац-кха вайна,
Цкъа кога таллаза ма шорта ду!

Мел дукха дахарехь хьедина куьйгашца,
Хьедаза дуьсу дерш мел дукха ду.
Хьеден дерг хIун ду а хаац-кха вайна,
Цкъа куьйгаш хьедаза ма шорта ду!

Хастам биэ, адам, ахь деллачух хьайна,
Диканиг, вуониг а Делера ду.
Дуьне ду иштта Ша кхоьллина Дала,
Мел долчу хIуманна И Эла ву.



ЙЕ-Е, ГОРА КУРА КІЕНТИЙ!

ЦІиэн кІеда маьхьсешший,
Куй месал, галпешший,
Арахь – куьрк, чохь – пешший,
Дакъош кхозу дуьмешший –

Йе-е, гора кура кІентий!

Даккхий-кегий цІеношший,
Куц тайна стом, бешший,
ГІаз, котам, кІорнешший,
Чохь – кузаш, гІайбешший –

Дац, хьан боху, вай элий?!

Іаьржа богу бІаьргашший,
КІайн лепа цергашший,
Шун, хедар, зайлешший,
ПхьегІа – мегІа, йалгІушший –

Делара дилла вайн гІели!

ГІагІ, турс а, гоьмуккъий,
Дайн хьаьвзина мердуккъий,
Готта, йуткъа гІодайуккъий,
Белш шуьйра наж – буккъий –

Аш хедо лекха дуккъий.

Топ-тапча, тур-шаьлтий,
ЦIулсеран гуо, керттий,
Кхаж кхуран йеза шеддий,
Цуьнца цхьаьна Iад-веддий –

Йе-е гора, кура кIентий!

Чоа, верта, гIовталлий,
Дато доьхка, турмаллий,
Чохь йаьржина сал-паллий,
Йина йоцу сискаллий –

Дуй-теша вай элий?

Дин, нуьйра, мажаррий,
Йедда йаьлла ХIажаррий,
Гарс, хьаьвда, докъаррий,
Ша висна пекъаррий –

Дац теша вай элий?

Уоза биэза шиъ йеттий,
Тодан деза ков-керттий,
Хьоь ца йогIу Нурсеттий…
Лелий вала, кIант, саттий –

Вайн ца хилла цкъа элий?

ЧIуг хьаьвзина маж-меккхий,
Шена дисна цаца-теккхий,
Вола, чехка хи чу эккхий,
Хьан гIуллакхийн йац чаккхе –

Йе-е гора, кура кIентий!

* * *

Вай дуьнен чу довлучу хенахь,
Ненан, беран мохь ма болу.
Эхарта вай доьрзучу хенахь,
Маьхьарий дуккха сов ма бовлу.

Дуьне доца хилар ду-те
Шинний бен кхин мохь ца балар?
Эхарт, доза доцуш ду-те?!
Маржа-йаI, хьо, хIай садалар.



ДУЬЙЛИНА ІАД

Хууш дац, мел вехар дуьненахь цхьа а,
Цхьанне а хиъна дац дахарехь цкъа а,
И Делан къайле йу – вай охІла дац,
Ткъа билггал хууш ду. И шеко йац:
Іовшур бу хІораммо валаран кад.
Самадовла, дахар ду дуьйлина Іад!
Каш даккхий, и ларде ца боху хьайн,
Некъ цІанбе дахарехь хІораммо шайн,
Карор ду эхартахь. Самадовла, хІай!
Мегар дац хила вай Делан бен лай.

IEXA MA ЛО

Куй лекха тилларах,
Сий айлуш дац хьуна.
Мекх тайна кхиорах,
И дустуш дац хьуна.

Сий, догуш, кхехкаш дац,
Сирделла, тишлуш дац!

Хан йаларх – къона ду,
Ширдаларх – керла ду,
ГIиллакхан догIа ду,
Собаран корта бу.

Герзах хьо вотталарх,
Нах кхоьруш бац хьуна.
Киса ахь дузарах,
Хан соцуш йац хьуна.

Сий духкуш-оьцуш дац,
Йа, лачкъош, хуьйцуш дац!

Делера совгIат ду,
Орамца делла ду,
Лардинарг – декъал ву,
Дожийнарг – тилла ву.

Собарде, ладогIа:
Хан герга йу хьуна,
Ма вала дакъаза –
Тур ира ду хьуна!

Кхетахьа, тилла верг –
Со накъост ву хьуна;
Хьо хьаьдда идош верг
Сонталла йу хьуна.

Ткъа иза аьхса йу,
Аьхсаниг – кIилло ву,
Ткъа кIилло къиза ву,
Къизалла – Iеса йу.

Йухавала, тилла верг,
Со накъост ву хьуна,
Ахь йаккха леринарг
Iин чу гIулч йу хьуна,

Сий, дайча, догIуш дац,
Деллачо кхин луш дац!

МЕЦА СА

Дезаш ву хьо бІаьрга дайннарг,
Цкъа а дузуш дац хьан са,
ХІун ду-техьа ахьа лайнарг,
Лоьхург муьлха ду ахь га?

Іебаш вац цхьана а хІумнах,
Деш ву доллучунна ха,
Хаац, вуза гІерта стенах,
Диснарг хІун ду айхьа дан.

Собарде, ма вийла карзах,
Дерриг кхочур ду вайн цІа.
Іебар ду вай лаьттан кийрахь,
Дузош массо меца са.

ЙИЙЦИНА ЗАМА

Хьан боху, ца йеъна йийцина зама?
Мила ву шеко йерг? Лардойла Дала!
Хир ду вай, адамаш, байттамал кхана.
Тоба де: мегар дац ийманах довла!

Хьан боху, йухур йац хьарамийн гІала?
Мила ву шеко йерг и хиларх бала?
Жоп дала дезар ду. ХІун ду хьан ала?
ХІай адам, харцонна хьо дохкодала!

Тоба де, мегар дац ийманах вала,
Хир ду вай, адамаш, байттамал кхана!
Мила ву шеко йерг? Лардойла Дала!
Схьакхаьчна йу шуна йийцина зама!

Адам, и ган деза, хьо бІаьрзе дацахь,
Цагинарг хезар ду, къоралла йацахь,
Муьлхха а сингаттам догІмашца белахь,
Жоп дала-м дезар ду, садеІна велахь.

ДІабигна хаьржинарш гІазото шеца,
Ойлайе, хІай адам, хьо мичхьа соьцу.
Гал-морзах некъаш ду вай идош шорта,
Тоба де, бусалба – калам ду коьрта.

ХИНДЕРГ

Хаац суна дийца хиндерг,
Хир ду кечамбиннарг ша,
Хаьа: лара деза шен дерг,
Тесна доцуш хилларг дан.

Собар даим хила деза,
Ийман диэза хилларг лан.
ГIиллакх долуш хила веза,
Долчун хила лаахь да.

Хиндерг ирсе хир ду. Вала
ЦIенчу новкъа, доттагI, сан.
Дуьтур дац вай тесна Дала,
Бакъонах ма хада цкъа.

Собар, гIиллакх, бакъо, ийман –
ЦIенчу некъан Iалашо.
Iилмийн Iилма-корта Калам
Делла вайна Кхоьллинчо,

Хаац суна дийца хиндерг,
Хир ду кечам биннарг ша.
Ларде, адам, Дала делларг,
ЦIенчу новкъахь лаха са.

НИЗАМ ДУ ИШТТА ЦИГАХЬ

Ойлано са кхуьйлу пана,
Цушинна реза дац дог.
Ма дита тесна, и чIана,
Ма баккха ца хоттуш ког.

Хууш дац хиндерг а кхана,
Ма лиэкха аш цунна шок.
Дог ма ду шуьшиннан нана,
Хуьлу и доьзалехь токх.

Да хила корта ло Дала,
Ас доьху цундела жоп:
Буй шуна ден-ненан бала? –
Схьало сан тур-тапча, топ.

Мичахь йу аш лоьху гIала? –
Лаьттахь йу шуьшиннан ботт.
ХIун ду шун шайн дега ала?
Ненаниг бийцалаш мотт.

Собаре хила, да-нана,
Реза ду дала тхо жоп.
Вайн хиндерг хууш дац кхана,
ДIадилла тур-тапча, топ.

Кхочу тхо Іаьрша-курс гІала,
ДІабала, схьаиэца болх,
ДІакхоьхьу гІайгІанаш, бала,
Байбан шун дахаран мохь.

Доьду са ойланца пана,
Низам ду иштта цигахь.
Ницкъ белла тхойшинна Дала,
Хьан боху дац тхойша цІахь?!

ДАХАРАН БИЪ БОГІАМ

Беральа, жималла, воккхалла, къаналла –
Кхолларан, верзаран йуккъера барам,
БІаьстенца, аьхкенца, гурахь йа Іай ала
Хууш дац, мичахь бу, маца бу къастам.

Безамо, тешамо, собаро, гІиллакхо
Кхуллуш ду, кхиош ду, дебош ду беркат,
Аьхсалло, сонталло, харцоно, боьхалло
Къахкош ду, дожош ду, дагош ду беркат.

Хьалхарчех йу царлахь дахаран Іалашо,
Ирсо дІатосур вац, дІаэхарх зама.
ШолгІа некъ, сан ваша, лаьцна бу хьарамо –
Биталахь, мегар дац. Гергахь йу кхане.

Беральа – заз далар бІаьстенан амалехь,
Марзонца, серлонца харцонах ларйеш.
Ийманехь лерамца, безамца кхиайахь,
Малх санна, лепар йу, къаналла хазйеш.

Къоналла – стом кхиар, малх, догІий, ткъес
санна,
Бераллин, воккхаллин йу довхо – хьаша.
Кхаа хенан хІоттамах, аьхкенах коьрта:
Хазаниг, халаниг мур бу и, ваша.

Воккхалла – жоьпалла, дукъ кхиъна – стом
корта,
Къоналло, къаналло – шиммо и тусу.
Мелахьаьжа гуьйренах йу амал шорта,
Кхиъна стом мерза бу, массарна оьшу.

Къаналла – беркат ду, бералла цуьнца йу,
Гуо болор, и берзор вовшашна герга.
Вай уьйриг луьстуш ду, и йуьххье кхочур бу!
Хаалахь, герга вуй. Хилалахь кийча!

Бералла, жималла, воккхалла, къаналла –
Кхолларан, верзаран йуккъера барам.
БІаьстенца, аьхкенца, гурахь йа Іай ала
Хууш дац, мичахь бу, маца ду къастар!

* * *

Адмашна зиэн делла дуьне ду моьттура,
Хилла-кха зиэн даьхна дуьнен чу вай.
Ойла сан хьалхенца коьрте ца хIуттура,
Каш хилар, мичахь ду ца хаьа сайн.
Мегар дац дицдала, хилалаш кийча,
Iожалло, хан кхаьчна, куьйгаш кховдийча!
Оьхур ду денош дIа. Селхана, стомара…
Дагардеш, луьстур ду хIораммо тай.
Хьо-м хьаьдда тIома йу, хIай зама оьмаран!..
Хилла-кха даьхкина хьошалгIа вай…

* * *

Мел долчу хIуманна зама йу шен,
Хенаш йу, некъаш ду, бахьнаш ду зиэн.
Харцонца мегар дац ваха йа Iиэн,
Махьшаран майданахь гуш хир ду зиэн.

Кхоллар ду, вахар ду, валар ду шен,
Сихалла – йуьхьIаьржо, собар ду цIиэн.
Башха дац бохуш дерг, хуьлуш ду биэн,
Бакъо цкъа харцонах йелла йац иэн.

Теллина девзачу некъашца шен,
Чалх йохьу дистина догIучу хиэ.
Дуьнен чохь нийса некъ хаьржина биэн,
Эхартахь балур бац Iаьржа некъ цIиэн.

* * *

ХІораннан шатайпа хуьлуш ду гар,
Массо а хІуманана йуьсуш йу лар.
Харцонаш бакъонех йан гІертарх тар,
Махьшаран майданахь гуш хир ду йар.

Дукха йац йоккхуш йерг дуьнен чохь хан,
ГІайгІано къонаниг веш ма ву къан.
Йочана хьейелча, гІоттуш йу чан,
БІаьргаш дІабиллича, чекхдолу гІан.

Массо а хІуманан шен-шен ду гар,
Замано отуш бу мел онда чхар.
Дойла вай Кхоьллинчо вуочунах лар,
Мийзанан терзано узур йу лар.

* * *

Схьаала, боху ахь, дан дезарг хьайга?
ХIун пайда хуьлуш бу аьллачух лайга?
Къонахчун таро йу шен гайта доьналла,
Хьо ваьцна, вецаш ву декъазчу ойланна.

Ма хетта гIуллакхна ден доцург айхьа,
Хьийзаш йу коьрте хьан чагIалкхийн гIайгIа,
Куц хуьйцуш тарвалар, цIогIанца катохар,
Оьшучохь коьртаниг – собарца сатохар.

Йезаш ву массарел сов хьайна са,
Гай дуьзча, са дузац чангIалкхан цкъа.
Дакъаза ваьлла хьо декъазчу ойланца,
Хьу кхетта хилла хьан орамаш хьалхенца.

* * *

Хьан боху, бакъонца толур дац дахар?
Хьан боху, нохчашна ца беза машар?
Мила ву дезаш верг бусалба атар?
Вай духкуш, оьцуш ду. Соьмехь йу базар.

Самавала, бусалба, Калам ду хатта,
Хьенан ду мел дериг: дуьне а, латта?
Хьаьнца ду вахар а, валар а атта?
Хьан боху, бакъонна букъ тохий латта?

Мел онда хилча а, йухуш йу гІала,
Харцонийн къизаниг совбаьлча бала.
Ийманца, нохчи, хьо бакъ новкъа вала.
Бакъонца декъалво цхьаъ волчу Дала!

* * *

Кхолларан, верзаран хан зама, йукъ
Дахар ду, дуьне ду. Хьоьгахь бу мукъ.
Зиэн даьхна дуьнен чу, деза ду дукъ.
Буо, адам, нийсонца шайтIанан букъ!

Кхолларан, верзаран хан зама, йукъ
Чекхъйаьлча, Эхарт ду. Хьоьгахь бац мукъ.
Къематан дийнахь хьо гуш хир ву дукъ,
Мийзанан терзано узур йу йукъ.

Дуьненахь, Эхартахь, Къематан дийнахь
АллахI ша цхьаъ хилар ахь диц ма делахь.
Мукъ Цуьнгахь бу хьуна массо а хенахь,
Белла Цуо хьоьга и, хьо зиэн дуьненахь.

* * *

Мичхьа, муха, маца, стенна
Вай дан дезарг дуьненахь
Къематан тIекхаччалц денна
Делла Дала Къуръан чохь.

Бац цул нийса некъ Эхартан,
Массо хир ду вай цигахь.
Нисло, адам, дола берта,
Карор иза Эхартахь

* * *

Къизачу харцонийн бІаьрзечу бодане
Тоьттуш, дІаийзадеш, хІаллакдеш къам,
Адам а, Іалам а лаьцна аш Іазапе,
Іесаллин иэрчонех хІоттабеш лам.

ГІертац шу нохчашна сирла йан кхане,
Боьхачу Иблисан лаьцна берш тІам.
Аш муха воккхур ву бакъйолчу серлоне,
Іесалла, къизалла хилча шун там?

Ца дохку кхача шу бакъоне, нийсоне,
И йезарг хІаллаквеш, аш бойъу чам.
Бусалба вогІур вац цкъа а шун тойне,
Иблисан тоба шун – йилбаз йа гІам.

Массо вай доьрзур ду Эхартан хІусаме,
Іожалло хьоькхуш ду, хьоькхур бу гам.
Къай-меллий дуьллур ду Мийзанан терзане.
ВаллахІи, йогІур йу жоп доьхуш хан!

* * *

Хезна ду йуьйцуш вай тIекхаьчна зама,
Хилла-кха ган йезаш и.
Ца висна цхьа цунах кхачаза дакъа.
Лан дисна хIун ду-те кхин?

Базбелла бакъонах хадарца бала,
Хьулвеш ду харцонийн мутт.
Йарташ йу йохийна, йагийна гIала,
Ца лепа боданехь бутт.

ГIайгIанаш сайаьхна, заьIпалла дебош,
Кешнашна гатбина гуо,
Къоналла къанйина, байш дитна бераш…
Хьан доза мичахь ду, вуон?

Боьхачу харцонийн молха ду бала,
Дарба ду оцунна и.
Ийман чу дагIахь, вайн гIо дийр ду Дала.
Хьенан бу сирла некъ кхин?

* * *

Да-нана, йиша-ваша, доьзалаш – кIорнеш,
ДоттагIий, мостагIий, накъостий, безамаш,
Генара, гергара мел долу адамаш –
Массо вай зиэн даьхна дуьнен чу, хаалаш,

Акхарой, аренаш, хьаннаш, хиш, лаьмнаш,
СиргIаташ, зезагаш, стоьмаш, гIаш, гаьннаш,
Олхазарш, полларчий, зингатий, салларш,
Беснаш а, чемаш а, аьзнаш а, хьелаш,

Іуьйренаш, суьйренаш, де-буьйса, заманаш,
Малх-буттий, седарчий – мел долу Іаламаш,
ХІораннан зама-хан кхочур йуй, хаалаш,
Цхьаъ волчо дойла вай вуон дарах Іалаш!

* * *

Боьхачу харцонийн бодане бала
Боьссина хьошалгІа цІа.
«Хьешашна» той хІоттош, йагийна гІала,
Хьан къоьру боданехь са?

Йарташ йу йохийна, адам ду чІана,
Балано муьйлуш ду цІий.
Садетта мел деза? ХІун хир ду кхана?
Мичахь ду нийсонан сий?

Бакъонан серло йу ДегІаста йогІуш,
Гергахь ду беркатан нур.
ГІайгІа йу вайн махкахь цІе хилла йогуш,
Харцонийн буьсур бац хІур.

Ийманехь волчунна кхаъ хуьлуш сирла,
Кхочур бу гІопе и мур.
Цунах дІахаьддачийн нийса чІир эца
ГІоттур ду бакъонан тур.

* * *

Дуьненан Іилманийн беркате хІу тесна,
Берийн тхан дегнаш чохь латийнарг серло,
Дуьненна серло ло дашо малх санна,
Хьо тхоьца йехар йу, тхан деган серло.

Цкъа а хьо йицлур йац дахарехь тхуна,
Дицлур дац хьанала ахь хьегна къа,
Баркалла, хьалхара хьехархо, хьуна –
Диканиг, хазаниг, хьоменига тхан!

ДАЙМОХК – СИРЛА ОЙЛА

БІаьста, гурахь хьуьнан хотехь,
Теркан йистехь, Лакха-Неврехь,
Малх гІушлакхе баьллачу хенахь,
ЦІазам цІийлуш, кока Іаржлуш,
ЧІегІардигаш кхаьънаш дохуш,
ГІарагІулеш вовшийн кхойкхуш,
БІаьргийн нур сан, сирла ойла,
Со-суо вуьтий, тІомайолу…
Аьхка – буса, эрна арахь,
Бецан гІовла, мотт чардакх тІехь,
Хорбаз-паста кхуьъчу хенахь,
Ча такхийна тача хІуттуш,
ЦІоз иллешца йохье дуьйлуш,
Бутт седарчех дагабуьйлуш,
БІаьргийн нур сан, сирла ойла,
Со-суо вуьтий, тІомайолу…
Дийнахь ДаьргІахь – лекхчу ломахь,
Шийла шовда бухдуьйлучохь
Лу хи мала догІучу хенахь,
Леча, аьрзу стиглахь хьийзаш,
Къена лаьмнаш къона хеташ,
Къоьжа баххьаш малхехь лепаш,
БІаьргийн нур сан, сирла ойла,
Со-суо вуьтий, тІомайолу…
Мелахьаьжа гурахь, маьлхан басехь,
Ломан гІопехь, Дуби-эвлахь,

БIараш, стешший кхуьучу хенахь,
Iалам хазлуш, даьхни толуш,
ХьаьжкIех буьзна до дIахIуттуш,
Гезго буса маша бузуш,
БIаьргийн нур сан, сирла ойла,
Со-суо вуьтий, тIомайолу…
Iаьнан чиллахь товхан уллохь,
Теркан йистехь, Дади-юьртахь,
Пешахь гуьйриг кхерстачу хенахь,
Сискал йоттуш, дума цIийлуш,
Дечиг-пондар накъост хIуьттуш,
Мерзаш – йоIе дагар дуьйцуш,
БIаьргийн нур сан, сирла ойла,
Со-суо вуьтий, тIомайолу…

БЕРКАТАН ЧАЛХ

Нур-дешин зІаьнаршца хІай лепа малх,
Детица кхелина бацалахь тхи,
ЦІанделла, Іаь гІуьттуш, шеларан хи:
Марша йа, гуьйре, хьо – беркатийн чалх!

Баьццара, сенйелла, можа, цІен, кІайн,
Туоелла, хазйелла, боларца дайн,
Нускалах тарйелла куьцашца хьайн,
Йехийла йезачохь. Марша йа, хІай!

Бусалба адамаш, вайнехан нах,
ДІайаккха вовшашна йуккъера хьагІ!
Къастош тІекхочур йу хІоранна рагІ:
Ма декъа, ма къаста, ма довла ах!

Сихалла – йуьхьІаьржо, беркате йац!
Хьарамчу некъашца толамаш бац!
Ма довла дакъаза – хир ду вай харц!
Дахарах хьаьрчар ду шийла Іа-дарц!

Баьццара, сенйелла, можа, цІен, кІайн,
Туойелла, хазйелла, боларца дайн,
Нускалах тарйелла, куьцашца хьайн
Йехаш йу, гуьйре, хьо. Марша йа, хІай!

ИРС ХИЛАЦ АХ

Нур-дашо малхаца детеха лепаш,
Баххьаш лайх хьарчийна, сирйина белш,
ГІад сийна когашкахь баьццара къегаш,
Нускалах тарделла исбаьхьа дерш –
Шух муха къаьстар ву, Даймехкан лаьмнаш,
ДегІаста, нана хьо! ДегІаста – ирс!
ЧІуг хьийзош, куц доху татолаш зевне,
ГІайгІанаш дІаоьций, байбийраш мохь,
Шал шийла шовданаш – шу ломан къайле,
Дарбанаш, беркаташ латтораш чохь –
Шух муха къаьстар ву, нохчийн мохк, къаьмнаш,
ДегІаста, нана хьо! ДегІаста – ирс!
Шух муха къаьстар ву шун сих схьаваьлларг,
Мичахь ду кхул сийлахь Іалам йа нах?!
Хьан боху, ирсе ву ненах догдаьлларг?
Ларде и, бусалба! – ирс хилац ах.

ИРСАН ОРАМ

Сирла ойла – ирсан орам,
Беркат, марзо – хьанал бахам,
Іаьржа ойла – зуламан гІала,
Харцо, хало – хьарам, бала.

Сийна стигал йуьйлуш пана,
Лаьтта йуссий, лоьхуш кхане,
Йаьржий, хьаьвзий, толлий, гуллой,
Ойла йоьрзу, шен дех тарлой.

Бакъ ойланца бакъо йогІу,
Дийно-дийно дебош беркат.
Ирсе новкъа шен да воху,
Дуьне хаздеш, кечдеш Эхарт.

Харц ойланца харцо йогІу,
Дийно-дийно дууш беркат,
Ирсе некъах шен да воху,
Дохош дуьне, дожош Эхарт.

Жимчохь, хаъал хилча дуьйна,
Кехат, къолам лаьцча буйна,
Довхой, хьеший тхох ма хилла,
Доцуш дагахь йамарт хІилла.

Даш а даош, биъна къолам,
Сибат къарздеш, дитна кехат,
Бина хийла дагна хорам,
ЦIенчу новкъахь лоьхуш сиргIат.

Хьовса, адамаш, малхе, батте,
ЦIанйе ойла шайн дуьненахь.
Хьовса вовше, хьовса лаьтте,
Бакъо ларйе – хир ду сийлахь!

* * *

Сихалла – гІайгІа йу бІаьрзе,
ГІиллакхца серло бен йац.
Ма йаккха сихалла баьрче,
Цуьнца цхьа хазалла йац.

Деза ду гІиллакхан собар,
Беркат ду, марзо йу и.
ГІиллакх ду толамийн кочар.
ХІун лоьху, адам, ахь кхин?

Хетарг йа доцург ма дийца,
Сонталлин хьеший бу уьш.
Харцонах бакъо ма хийца,
Ду-кха вай Кхоьллинчо зуьйш.

Доца ду дахаран некъаш,
Собар ду серлонан га,
Сихалла, йуьхьІаьржо дебаш,
Мегар дац и коьрта йан.

Собарде, сатоха, адам,
Гергайан беркатийн хан.
Ма гулде рицкъанаш хьарам,
ДІаьвше бу оцеран чам.

Девлла уьш махкана бале,
Харцонах даьржина ун.
ДІахьовса йоьхначу гІале,
Цамгаршца бухйуьйлу цІун.

ДІадахка, оьшур ду герзаш,
Чекхбаьлла бац шуна тІом.
Харцо йу бакъонах хьерчаш,
ЦІий Іанош ду боьха сом.

Дуьнено бина вайх тамаш,
Ницкъ болчо доьналла луш.
Дойла вай Кхоьллинчо Іалаш!
АллахІ ву и дерриг гуш.

* * *

Собарде, сатоха, сиханиш,
Ма баккха ца оьшу тIом,
Ма гулде бух боцу хелигаш,
Аьрга бу шу кхийда стом.

Мел дукха дуьйцу аш хетарш,
Оцара-м цIийдина лом.
Эрна ду, ма дийца доцурш,
ДIаьвше ду хьараме сом.

Даьсса ду аш дуьйцу хабарш,
Оцара ца луьсту тIом.
Собарде, сатоха, мецаниш,
Ма баккха хеназа стом.

* * *

Даймахках къаьстина, хадийна орам,
Ненан мотт байина, талхийна цIий,
Ден-ненан садууш, беш царна хорам,
Мел ваха воллу хьо, хьенан дан сий?

Дуьненан дахарехь валар ду доза,
Вайн карахь йац хьуна зама йа хан.
Массо ду дезаш вай эхарта дерза,
Iожалло пурба лахь, хьо а лур къан.

Байттамал хир ву хьо, иймане верза,
Бекхамна мостагIий кхиош верг, хIай.
ГIиллакх ду мел долчу хIуманна терза,
Цуьнций бен дац хьуна йуьхь хилар кIайн.

НОХЧИЙН МЕТТАН ХАЗНА

Джамалханов Зайнди винчу денна

Нанас шен бер санна, кхиош, ахь ларбечу
Матто, хьо къонаха веш, делла сий.
Орам бу – меттара, Куьрчала лахарчу,
ХІу цІенчу орамах хьайн долуш цІий.

Бакъ кІентий кхиъначу Лахарчу-Неврехь
Дай баьхна. Веха хьо. Дехийла вай!
Махкана, къомана Іилма луш дахарехь,
Адамашна даггара дог луш верг хьайн.

Дуьненна бевзаш бу вайнехан кІентий –
Лакхарчу декъера сий долу нах.
Кхоьллинчо войла хьо декъала, Зайнди!
Халкъо хьан хадийна буьззина мах.

Ненан мотт – бахам хьан, безам хьан, хазна,
Іилманча, илланча, беркате стаг,
Вехийла декъала, ирсе хьо, тайна,
Да, ваша, доттагІа, къонаха Стаг!

ЗАМА

Мел хьаьдда, сихйелла йоьду хьо, зама,
Йовзале, ширйо ахь селхане кхана.
Ойланаш, бІарз а йой, хьийсайеш пана,
Дахале доху ахь, чІим санна, чІана.

Ойла йан, цецвала, тамашбан, ваха.
ЛадогІа, схьалаца бохуш дерг наха.
Хьанала къахьоьгуш, оьмар хьайн аха,
Витац ахь лол тоха, харц кхоьхьуш маха.

Да-нана, йиша-ваша, доьзалаш хьаста,
Безамаш безамца гулбала къаста,
Са даккха, са дуола, ойланаш йаста
Дитац ахь, хІай зама, сийлалле ласта.

Хьо, стенна дарйелла, кхехкаш йу, зама?
Сий дайа даьхнарг тхо, чІим сана, чІана.
Тхан орам онда бу, турпал йу нана,
Тайелла, лепар йу ДегІаста кхана!

БОЛХ ЭЦА ПХЬЕРАН

Ураман некъ белахь тобина шера,
Хьеран да лулахь ву, охьуш йу хьера.
Нагахь и тобан рагI ца кхачахь пхьеран,
Ваьллийла, хаалахь, лулахо цIера.

Дахаран некъ хилац даима шера,
Дуккха ду бахьанаш деш адам дера.
Бай тIехь мел де духу хи чуьрчу чIеран,
Дика ду хьеран да ца ваьлла хьера.

Ураман некъ безахь тобина шера,
Схьакхайкха адамаш, схьагулйе гIера.
Керайукъ кIамйелча, чIуг хьокху кера,
Хаставе хьеран да, хастайе хьера.

Хьоладай хуьлуш бу мотт хаза, шера,
Ахчано лаг лоцу муьлххачу пхьеран.
Ца оьшу сагатдан: барт хир бу церан,
Хьашташа веш ву-кха мисканиг къера.

Болий некъ урамехь ца хилча шера?
Ненах дIакъаьстича, дог духу беран.
Везаш ву хьолада, йезаш йу хьера.
Говзалла ма эца, болх эца пхьеран.

МАЛХАНА ДЕКХАР

Ца деза, ца оьшу сакIамдеш цIийзар,
ЧагIалкхийн барамехь мукъамашца тийжар,
Ца деза, мустбелла бод санна, сийсар,
Дарйелла чов санна, дог дууш Iийжар.

Ца деза, ца оьшу жIаьлеха летар,
Йа вирах чам боцуш инзаре Iехар,
Ца деза хIилланца цхьогалах тебар,
ШайтIанан хьарамчу некъашца лелар.

Ца деза, ца оьшу дог доцуш къежар,
Неханиг дагардеш, кIелдIашха хьежар,
Ца деза Дала ца деллачух хьегар,
И лол а бац, адам, ца дуьйцу тегар.

Ца деза бIаьрга дан меъ нIаьнех кхайкхар,
Дерзаца, догIанца шийла мох хьекхар.
Ца деза, дитна ас мел долу декхар, –
Малхо со кхетийна, луш суна хьехар.

Хоржур йу ас сайна зезагех йезар,
Мел товш ду Iаламехь бос хаза лепар.
Безамца го суна кIайчуьнан къегар,
Вита со, малх, хьайна даима декхар.

ЛОРАХ ВАЬЛЛАРГ

Хуьлуш вац цкъа хьархо
ХІур биллаза балхо.
Мало, хало, ирхо –
Накъост ву стаг талхо.

Мегаш дац, кІант, жеро
Чехо, Іехо, кхеро!
Хало йуьйцуш леро
Кхуллу йуккъехь херо.

Хьанна оьшу шело? –
Бакъо йац и лело.
Безам лаахь туоло,
Дарба – кхерста серло.

Собар, гІиллакх, аьтто
Іалашо йу гІатто.
КІеда, хьена лаьтто
Дохьу беркат, атто.

Мегаш дац, кІант, марзо
Хадо, йохо, харцо.
И-м деш ма дац барзо,
КІилло вига дарцо.

Стенна гIерта хьарчо
Безамах хьо марчо?
Къукъош, лаха гечо
ЙоI йигале кхечо.

Хьан дог лаьцна мекхо,
ЦIандан диеза, хьиэкхо.
Шело, шалхо, шеко,
Йовхо йалац миэкхо.

Хьуна-м сов йу шалго,
Вожаве хьо балго!
ХIай, хьо лаца гезго,
Даго, лерго, бIаьрго!

Дохка цIено, рагIу,
Молха, дарба дан гIо!
Аьтту, аьрру агIо –
Цхьаъа йац хьан чIагIо.

Хьо-м ца нисво хьиэро,
ХIай хьо виса жоьра!
Чехо, Iехо, кхеро –
Шайерг хьоьца херо.

Хьо воккхийла гена
ШайтIан мохо, чено!
ХIай, хьо нисве хено,
Лорах ваьхна тIурло!

ЙЕЗДАРИ – БОЗДАРИ

(забар)

Бел, шадий, мангаллий,
Лом, гам, кIомсаррий,
Нуй, нехаш, аьшкаллий,
Тай-маха, йездари…
Хьажал, йогIу Байсари!

Урс, чIодий, жIов, диггий,
ЦIеста кIудал, Iайг, мIарий,
Марш, биргIа, чIинт, богий,
Текх-наций, ножан чарий…
Хьала ма сатта Байсари!

Тукар, тIарий, ков, аьлхий,
Херх, морзах, хьостаммий,
ЧIуг, зока, жIоммагIий,
ХIоз, ноьжа, даIаммий…
Хьажал доцу адаммий!

Топ-тапча, тур-шаьлтий,
Дин, нуьйра, Iад, шеддий,
Гуо, цIено, ков-керттий,
Куьйра, леча, Курсеттий…
Хьо-м суна сих кхеттий!

ХIоъ-молха, тускаррий,
Дамий, думий, сискаллий,
Йетт-эса, Iахаррий,
ТIуоберам, нускаллий…
Хьо-м суна йазйеллий!

ГIант, маьнга, мотт-гIайбий,
Мехкадаьтта, стогаррий,
Кхийра кхаба, вуон хьайбий,
Даар, кхача, маларрий,
Ахь салаьцна бIарздаррий!

Чкъург, ворда, гIоматтий,
Аьрша, бухка, коьжалггий,
Шуьйра доьхка, гIад, вертий,
Дан мел доцу оьшурггий,
Бай тIе даьлла зезаггий!

Ахьар, кохьар, кхохкаррий,
ГIаз, котам, москаллий,
Шун, зайла, хедаррий,
Туьрк, можа шапталлий,
Сан дIайоьду жималлий!

Йетта шурий, шар, морзий,
Нехча, даьтта, тIуо, кIалддий,
Ло, дог, мох, дерззий,
Хуьлуш боцу вайн барттий…
Кеха йала хьо, саттий!

Чоьлпа, чадий, йу, махий,
БаI, Iажаркх, жантатий,
Ахь кийра сан талхий,
Со-м са лаьцна ахь латтий –
ХIай цIе йала хьох, гIаттий!

Бат, баьхьий, дуо, кIарий,
ГIарий, гIовгIа, буй-тIарий,
Хуьлий иштта йездари,
Ас ду боху боздари –
Хьажал цуьнга шу ларрий!

Iин, токхам, гу, барззий,
Уьшал, хатт а, гIургIаззий,
Доза доцу дов, арззий,
Лерехь лаьтта хьан аззий –
Соь ма хьежа хьо къарззий!

Муш, маша, тай, хьасий,
Тел, чухий, тIийриггий,
Туш, тоьла, гIаж, Iасий,
Дисна даьлла дийриггий –
Хьажал йоьжна Iийраггий!

Мичахь хилла йездари?
Сийна моьлкъа, тIуз жIарийн!
Иза-м хилла боздари,
Адам-шайтIа, кеп зударийн –
Уьн тIе йилла Байсари!

БЕЗА СУНА СИНКЪЕРАМ

Даар-малар, вота-пондар,
Дац чан-къахь, нуй-кондар,
Ахча-бохча, синкъерам,
Бац и муьста хьан берам.

Го бай сийна, полларчий,
ІатІар, басар, седарчий,
Дато доьхка, кІайн вертий,
Дашо ахча, кІант Айдин.

ЧІимаш, нитташ, гІундалгІеш,
БаІ, Іажаркх, жантатий.
ХІун деш лаьтта хьо, гІизби?
Вала лаций маж дадин.

Беза суна синкъерам,
Марахбаьлла хьан берам,
Нуй-нехаш, хьо кондар,
Схьада чехка вота-пондар.

БОРЗ ЙУЬСУР ЙАЦ ЖОЬРА

ГІуллакх ду кхачадеш даро,
Пайда бу, са йу и – таро,
И ца деш, мукъа вай Іеро,
Дахарехь хийла да цхьа вуьту – жоьра.
Шу-м, гарехь, дохку со кхиэро,
Ткъа гІуллакх кхачадахь даро,
Йоцуш вац со-м иштта таро,
Хьан боху со цуьнца лоьхуш ву херо?!
Лаха аш шайна кхин кхеро,
Борз йуьсур йац шуна «жеро»,
Са йезаш, ца Іебаш хьиэро –
Сонтачо, барт бохош, кхуллуш йу херо.
Бац хьокха сатториг серо,
Гила йац борз лоцург иэро,
ГІертахь шу берзан сакъеро,
Дум схьаба, догъэца, чорпа йу хиэро.
Мецаниг гай даьсса леро
Хийла да вуьтуш ву «жеро».
Атта-м ду иштганиг кхеро,
Дум схьаба, пислакхаш, аш кхуллу херо.

* * *

Сий – тІалам, пусар – хам,
Бакъо, дарба – дагна там.
Коьрта гІиллакх – церан лам,
Нийса долчун ларбар чам.

Харцо – шайтІа, йилбаз – гІам,
Зулам, питна – цуьнан лам.
Йеза амал, боккха тІам –
Вуон мел долчун лацар тІам.

Вахар – хьийзаш долу гам,
Уьшлах буьсу хоттан Іам.
Бакъо, нийсо, адам, къам –
Массарел бу лекха лам.

* * *

Шелонца ваьхна со, ша хьоьхуш кийра,
Дуьххьара ирсо со безамца зийна.
Суй боьжна, даг чохь сан цIе йаьлла сийна,
Вагийта цIарах со, ирс дита дийна.

Харцонан бодано бIарзвина гIийла,
Бакъонан серлоне кхийдина хийла,
Декъала, ирсе вай маьрша дехийла,
Кхерстар ву цIарах со, вехар вац шийла.

Собаро, тешамо серлоне кхийдош,
Харцонан къизалло бодане тоьттуш,
Ницкъ хилла висча со, лаца га доцуш,
Дехна ас, гIо делла Долчо Шен кхоччуш.

Вехар вац боданехь, ша хьаьхна кийра,
Харцонца вахар дац, валар ду шийла,
Хьан боху боьхалла лан йеза, лара?
Самвала! Бакъвериг декъалво Дала!

ИРСЕЧУ БЕРАЛЛИНА

Берийн беральа ирсе деш,
Делан маликаш даккхийдеш,
Бисмаллица ахь баккха ког,
Даймохк-Нана, тхан орам, дог.

Деле оха хьо йоьхур йу,
Цо тхан доIина жоп лур ду,
Мохе даийта Iаьржа дохк,
Малхо къагор бу вайн Даймохк.

Берийн беральа дохийнарш,
Делан маликаш делхийнарш,
Дохко ца довлахь, гечдийр дац,
Дуьне, эхарт шун хир ма дац.

Аш тхан дохийна берийн дог
Дала оьцур ду, деш и токх.
Даймохк-Нана, тхан ирсан беш,
Оьзда нохчий бу хьан сийдеш.

Оха йерзор йу хьан чевнаш,
Тхуна карор ду дарбанаш,
Массо маьршца вехар ву,
Цуьнца беральа ирсе ду.

БЕРКАТЕ ЧІЕГІАРДИГ

КІайн-алла кІедачу йездарийн гІабалеш йуьйхина,
Дайн Іаьржа-баьццара бос къега гуьлмаьндаш
техкина,
Цаьрца сов лерина шера лаг, корта, букъ къевлина,
Гуьлмаьндийн и тІемаш кадечу тІемаш тІе
даржийна,

Оьздачу духаршца дайн куьце догІмаш шайн
къагош,
БІаьстенан беркатех беркаташ ДегІаста кхачош,
Бусалба мехкарийн оьздачу тобанах тарлуш,
Мерзачу маттаца массаьрга маршалла хоьттуш,

Беха некъ теллина, духарш тІехь ченан хІур
боцуш,
ГІелдалар гайтина, корта-дегІ оллийна доцуш,
Зевнечу аьзнашца бІаьстенан синкъерам тобеш,
Схьакхаьчна хьеший, шайн дарбане мерза мотт
лебеш.

ДогІийла марша шу тем боцчу махка тхан
нохчийн,
ХІай, Дала базбина, беркате, беза тхан хьеший!
ТІамо тхо дохорах, кІур бойуш маьршачу
хІусамийн,
Нохчийчоь ца йелла, дийна йу, мехкан бу белхий!

Йарташ а, кIотарш а, гIаланаш хIиттош йу керла,
Шовданаш, татолаш, шеларш а цIандеш ду сирла –
БIаьстенан бацалахь исбаьхьа зезагаш санна,
ДегIаста лепар йу, Кавказан йуьхь хилла, кестта!



ДА-НАНА

Дайх ала дош долуш, дехначохь каш долуш,
Шайх ала дош дуьтуш, доьзална сий дуьтуш,
Дуьненан дахарехь бакъ цIена лар йитна,
Хьомсарчийн хьомениш – дирзинарш эхарта,

Декъала дойла шу ницкъ болчу Дала Ша,
Тхан хьоме хьомсара, мерза да-нана!

Мел долчу вуонах тхо, Iалашдеш, лардарна,
Дуьнен чохь диканиг хьоьхуш, тхо Iаморна,
Декъала дойла шу ницкъ болчу Дала Ша,
Мерзачул мерза шу, тхан оьзда да-нана!

Дуьненан халонаш собарца Iовшарна,
ГIиллакхца, гIуллакхца, марзонца дахарна,
Хьан парзаш кхочушдеш, комаьрша хиларна,
Йа АллахI, декъалде тхан дика да-нана!

Цу синойх са делла, бусалба кхолларна,
Цу цIийха цIий делла, «нохчий» цIе йаларна,
Хьуо везар делла, Ахь дегнаш тхан цIандарна,
Тхан хастам, шукур ду, йа АллахI, хьуна!

Тхан мерза, тхан оьзда, тхан дика да-нана,
Декъала шу дойла вайн сийлахьчу Дала!

НАНА

ЖовхIар деза хьо массарел,
Делан совгIат мерза сел!
Хаац, вовшийн делла вай мел,
Цкъа хьо йезар лур дац шел.

Токхо, беркат, совгIат, бахам,
Марзо, безам, ирсан барам,
Къинхетаман сирла йовхо,
Комаьршаллин оьзда бакъо,

Хьайниг санна, бац къинхетам,
Йац комаьршо, йа бац безам.
Хьайниг санна, нана, тешам
Хуьлуш бац, мел хиларх лерам.

ЖовхIар деза хьо массарел,
Делан совгIат мерза сел!
Хаац, вовшийн делла вай мел,
Цкъа вайн безам лур бац шел.

ЙАХАЛАХЬ, НАНА

Йахахьа, йахахьа, хьомсара нана,
Йахахьа сил дукха хьо йезачарна.
Диканиг, хазаниг, хьоме тхан нана,
Йахахьа ирс долуш хьо могаш-маьрша!

Хьан довха дарбане, беркате куьйгашца,
Хьан кIеда, мерзачу маттаца, озаца,
Даг чуьра йистйоцчу безамца, тешамца
Массо а дарба ду, хьомениг, хьоьца.

Хьан сих тхан са хIуттуш, кхоьллинчу Дала
Мел долчу вуонах вай лардойла, нана.
Iалашйан, хьаста хьо, йеза хьо лара
Дуьнен чохь хилар хьо тхан ирс ду, нана.

Тхан токхо, оьзда кхерч, ирс-аьтто, тешам,
Тхан йовхо, серло а, сил мерза безам;
Комаьршо, къинхетам, гIиллакх, тхан хьехам,
Дог-ойла, мерза са, синкхача, кхетам!

Йахалахь, йахалахь, хьомсара нана!
Йахалахь сил мерза хьо йолучарна.
Дашониг, датониг, тхан жовхIар – нана,
Йахалахь, йахалахь, йазйинарг Дала!

Кхоьллинчу доьзалах кхо дакъа делла йерг,
Оьшучохь тхуна хьайн са дала кийчайерг,
Йалсаманин бешан кха когашна бухахь дерг,
Йахалахь хьомечийн ирсана, хьомсарниг!

Йахахьа, йахахьа, хьомсара нана,
Даг тIера зезагийн хам хуучарна.
Диканиг, хазаниг, хьомсара нана,
Йахахьа, йахахьа, йазйинарг Дала!

ГЕЧДЕХЬА, ЙА АЛЛАХІ, КЪИНХЕТАМ БЕХЬА!


Хийла ас бІарздина, гатдина, хьийзийна,
ГІийлачу ийманца харц некъа кхийлина,
Идош, ас хІоттийна, гІелдина, мерза са,
КъинтІера далахьа – со дохковаьлла! –
Гечдехьа, йа АллахІ, къинхетам бехьа!

Хьекъал ца кхочуш, ас вуон йинчу ойланна,
Лебан ца безачохь лебинчу маттана,
ЛадогІа дезачохь къора со хиларна,
Со дохковаьлла-кха ойланца, сица! –
Гечдехьа, йа АллахІ, къинхетам бехьа!

Хьажа ца безаче хьаьжначу бІаьргашна,
Кховдо ца дезаче кховдийнчу куьйгашна,
Баккха ца безаче баькхинчу когана
Со дохковаьлла-кха сайн дагца, цІийца! –
Гечдехьа, йа АллахІ, къинхетам бехьа!

Адамашна, Іаламна ас бинчу лазамна,
Сайн сина, дегІана ас бинчу иэшамна;
Даккхий а, кегий а дийлинчу къиношна
Ма дохковаьлла со, ма дохковаьлла! –
Гечдехьа, йа АллахІ, къинхетам бехьа!

Тхо, нийсачу некъа тIехь, нисдай, чIагIдехьа,
Дахар тхан ирс долуш, беркате дехьа.
Йа Аллах, садалар ийман чохь дехьа.
Дуьненахь, эхартахь, къематан дийнахь,
Хьуо вицвеш, вуон-дика тхуна ма лолахь!



БЕЗАМ ЛУЧО ЛУШ ЙУ ХАН



НАНАС СУНА ЦАЙИНАРГ

Марша Іайла, марша Іайла,
Йовза, къаста карийнарг,
Дала Ша хьо декъалйойла,
Хийла ас сатийсинарг,

Жимчу деган къайленашкахь
Йезаш хьоме кхиийнарг,
Сан ойланийн лакхенашкахь
Массо вуонах ларйинарг.

Цкъа а йевзаш гина йоцу,
Йуьйцуш, хьехош хезна доцу,
Йина йуйла хууш йоцу,
Лоьхуш каро сецна воцу,

Нанас дена йина йолуш,
Хьо карийча дахарехь,
Цхьаъ вацара соьл ирс долуш
Кху доккхачу дуьненахь!

Марша Іайла, марша Іайла,
Суна ваха ницкъ белларг.
Кхоьллинчо хьо ирсе йойла,
Сан дог-ойла дІайаьхьнарг.

Хиндерг дийца хаац суна,
Со и дийца охIла вац –
Ас дог делла, йезар, хьуна,
Сан цул деза хIумма дац.

Мерза безам, деган жайна,
Хьо – сан туьйра, сан илли,
Хьо – сан ирс ду жимчохь дайна,
Хьо-м Ницкъболчо схьайеллий.

Сан хьох хьерча безам уоза
Дац дуьнен чохь терза цхьа.
Тохалур дац цунна доза
Аддаме а, лаарх цкъа.

Марша Iайла, марша Iайла,
Нанас суна ца йинарг,
Дала Ша хьо декъалйойла,
Кху сан дагна хьоме йерг.

Нанас дена йина хир йац
Хьол товш, хаза, оьзда йоI.
Сан хьол хьоме хIумма а ма дац –
Диц ма дехьа иза, йоI!

ХЬО ЦАЙЕЗАРГ АДАМ ДАЦ…

Дуккха бу хьо йезаш кIентий
Къайлах-къулах дагахь шайн.
Эшац суна нехан къайле,
ХIун ду дийца дагахь хьайн.

Хилча йезаш хIун ду кIентий?
Хьо ца йеза бахьна дац.
Бахам бу сан хьан дог-ойлий,
Сан цхьаннех а къайле йац.

Хиъча хIун ду и дуьненна?
Безам Дала кхуллуш бу.
Кийча ву, йоI, со дуьхьлонна,
Бакъо кхуллург АллахI ву!

Хаьа, йезаш буйла кIентий,
Хьо ца йезарг вехаш вац.
Со-м ца воллу, йоI, бан белхий,
Хьан безамна дуьхьало йац.

Бахам бу сан хьан дог-ойлий,
Сан цхьаннех а къайле йац.
Йезаш хилча хIун ду кIентий,
Хьо ца йезарг адам дац!

МЕЛАХЬАЬЖА ГУЬЙРЕ

Йола, кхача, хаза гуьйре,
Хазна – совгIат дохьуш хьайн.
Ларйеш хьоьжу тхо хьо йаре,
Нускал дало тайна, кIайн.

Массо беснех даржош дари,
Стоьмаш бохьуш исбаьхьа,
Йовхо, шело луьттуш ларрий,
Кхача, гуьйре, сихха схьа.

Дашо маьлхан серло йохьуш,
Дарбане шен долуш хIо,
Беркатех хьайн бохча достуш,
Безамашна марзо луо.

Тхо хьо йаре хьоьжуш Iийна,
Дахаран хьох хотта тай.
Хьо йогIийла тайна, тийна,
Безамашна туьллуш тIай.

Могаш тIаьхье кхио маьрша,
Сирла, ирсе дахар дан,
Нохчийн махка йола маьрша,
Хазна-гуьйре мелахьаьжа.

АХЬ САН ОЙЛА ТІОМАЙАЬККХИ

БІаьсте йу-те, йоІ, хьо аьрха,
ЗІаьнарш йу-те дашо маьлхан?
Аьхке йу-те, йоІ, хьо йовха,
Гуьйре йу-те мелахьаьжа?

Ахь сан ойла тІомайаьккхи,
Йоьзна цІенчу безамца.
Ахь сан са ма акхадаьккхи,
Даг чу йилли сийна цІе.

Седа бу-те хьо къилбера,
Заза ду-те бешара?
Ду-те зезаг хьо лам тІера,
Мукъам бу-те эшаран?

Полла бу-те хьо, ца гина,
ЧІара бу-те хи чуьра?
Ду-те шовда хьо сан синна,
ДогІа ду-те стиглара?

ГІан ду-те хьо жималлера,
Жайна ду-те хьо керла?
Ду-те туьйра бераллера,
Кхоллам бу-те, йоІ, хьо сан?

Хьоза ду-те хьо тІам шера,
Ирс ду-те хьо, лоьхуш дан?
Ду-те жовхІар хьо Делера,
СовгІат ду-те Цуьнгара?

ГІаларт ду-те хьо сел тайна,
Іехо деъна ойла сан?
Йезар йу-те орцах йеъна,
Дуьне, дахар ирсе дан?

МАРЖА-ЙАI

Жималлера цIена безам
Байна бац сан даг чуьра.
Хено ца бо цунна иэшам,
Марсабоху цо и ша.

Воккха хиларх, карзахдуьйлу
Некхехь гаур-аьрха дог,
Ойланаш цо пана кхуьйлу,
Дарах догIа, хIоттарх дохк.

Хаац, хьуна хIун дан деза,
Жима, аьрха дилха дог,
Хьо сацо а ницкъ ма беза,
Биллийтахьа лаьтта ког.

Маржа-йаI, сан мерза безам,
Жималлера беънарг схьа.
Хено белла хьуна тешам,
Суна ирс луш ваха, Iан.

Белара ницкъ йухайерзо
Сирла, цIена жима хан.
Лоцуш ма бац безам мекхо,
Даг чохь мел бу цуьнан чам.

ДАЙМЕХКАН ІАЛАМЕХЬ

Дара и жималлин ирсечу оьмарехь,
Дог-ойла токхечу Даймехкан Іаламехь,
Цу Теркан гІа-бецан гарманан арахь,
Аьхкенан чаккхенехь, гуьйренан йуьххьехь,
Іалам шен духаршца толучу хенахь;
Сурсатийн кхаш долчу легІинчу атагІехь,
Акъарехь доьгІначу гІаролан чардакхехь,
Дарбане бецийн цу ховхачу меттахь,
Дуьненан дийнатийн тесбаьхьийн шовкъехь,
Горгбелла буьзна бутт къегинчу хенахь;
Чамица Чухчахьер лепачу ловзарехь,
Пхьуьйра-хан билгалйеш, кхеттачу тачанехь,
Терко шен йукъ, хецна, йостучу махкахь,
Анайист хедачу эрначу арахь,
АгІазо маша беш бузучу хенахь;
Аз хуьйцуш тийжачу чагІалкхийн латкъамехь,
Мекарчу бозбунчийн – цхьогалийн тебарехь,
Хорбазийн, пастанийн, шамалийн чомехь,
Са пана доккхучу башхачу хІонехь,
ГІалартийн аматаш хІуьттучу хенахь,
ГІенаха гІов йеъна, йийсаре вина ахь.
Мел ваха веза-те гІенера туьйранахь?
Азаллехь рицкъанаш йаздина делахь,

Карор йу, дуьнен чохь хьо йина йелахь,
Лоьхуш ву, лоьхур йу массо а хенахь,
Ган доьгІна дацахь вай дуьненан дахарехь,
Теша со: гур ма ду синош вайн Барзахехь.

ЖИМАЛЛА

Дено-дено генайуьйлуш,
Хьо ма херайуьйлу сох.
Сирла, цIена сатийсамаш
Берриг боьзна хилла хьох.

Гуттар лаьттар йу хьо моьттуш,
Кхоччуш хам ца бин ас хьан.
Айса-сайга жоьпаш доьхуш,
Вити ахь со, йахна дIа.

Ас ца боху, йухайола,
Массо хенан йу шен хан.
Литтанех ма хуьлу хола,
Ахь ирс делла, бина там.

Цкъа а суна йицлур йац хьо
Аьрха, каде, безаме.
Хьуна хии сан дог дашо,
Ирс сан, безам, сан дуьне.

Жималлера цIена ойла
Луш хьайн суна совгIатна,
Некъ нислуш, хьо марша гIойла,
Сан жималла, сан хазна!

Воккхаллина серло йелларг
Маьрша, ирсе ваха Іан.
Марша Іайла, декъалхиларг –
Жималлица жималла!



КИЙЧА ВУ СО

Йу те-хьо дешин цу зIаьнарех маьлхан,
Йа беттан детин нур ду-теша хьо?
Некхехь сан жима дог деттало аьрха,
Ала, йоI: мичхьара – мила йу хьо?

Бакъдолчу жовхIарех йу-те хьо йина,
Сан цIенчу ойланех йу-теша хьо?
Ду-те хьо дарбане шовда сан синан?
Дийца, йоI: мичхьара – мила йу хьо.

ЙоI, туьйра ду-те хьо, ца хезна хьалха,
ГIенера гIов йеъна йу-теша хьо?
Пурба дац, йоI, бита безам сан цхьалха,
Ма ала гIенера йу соьга хьо.

КIайн зезаг ду-те хьо цу Теркан арара,
Йа седа бу-теша къилбера хьо?
Хьо санна, оьзда йоI со йайна вацара.
Дийца, йоI: мичхьара – мила йу хьо?

Йаьккхинчун йу, олуш дара-кха, гIала,
Орцаха йалахьа, хазаниг, хьо!
ДоIина жоп луш ду барт болчохь Дала,
Алахьа, хьоменига, реза йу хьо.

Бертаза йаьккхинарг ша тIехь йу гIала,
Ца йеза, йезаш вац ишттаниг со!
Йийсаре винарг со, орцаха йала,
Дан дезарг схьаала. Кийча ву со.

МОХ

Терсар, тийжар гIиллакхе дац,
ЦIийзар, шакарш башха а йац,
Малхбузера лоьцуш къилба,
Техкий, хьаьвзий, буьйлуш къилга,
КIадлой, цIевзий, дашош дог,
Дарлой, буьрса йетташ шок,
Чан-къахь аййеш, боьлуш, терсаш,
Коьртехь чов йеш, боьлхуш, тевжаш,
ДогIнах йуьзна мархаш Iаьржа,
Чехош, хьалхатоьттуш аьрха,
Хьерчош, карчо лууш, Iано,
Кхийдош марзо, гIерташ Iехо,
Малхбузера малхбалехьа
Ма сихло, сел хьаьдда, бан.
Ма чехайе пхьуьйран мархаш,
Йита хеций церан архаш!
Мохо цкъа ца буьзна дуо,
ДогIано витна вац со-суо.

ЛАРВО ХЬАША

Хьастий, денбеш массо хьаса,
Маьлхан серло, хазна – хьаша,
Баьццар, можа, цIен-кIайн, сийна
Ша-ша лепаш, башха ийна,
Массо беснаш маьлхан – дашо,
Зевне аьзнаш, маьрша бакъо,
Деган йовхо – и синкхача
БIаьвнийн махка ларйо кхача.
Дарба дохьуш, чевнаш йерзо,
Йовхо йохьуш, беркат, марзо,
Йола, бIаьсте – маьлхан серло,
Дузуш татол, дашош кIайн ло.
Лаьмнаш, аре, Iалам тийна,
Хьо кхачаре хьоьжуш Iийна.
Йаккха гена шело шийла,
Зезаг даьлла бай тIехь хийла.

Тоьур ду, малх, хьежар гIийла,
Хан тIекхаьчна серлабийла.
Баьццар дари дIадаржаде,
Схьало совгIат, ма йе къайле.
Баьццар-можа, цIен, кIайн, сийна
Зезагаш ду кхио дийна,
Тоьур ду, малх, хьежар гIийла,
Хазна – совгIат ахь ма къийла.

ТЕРК

Лаьмнийн ирхо, Іаннийн кІорге,
Буьрса, буто, аьрха Терк,
Маьлхан серло, дешна кІайн ло –
Хуьлуш дац хьо цкъа а шек.
Хьуьнар къовса, йахье кхойкхуш,
Ханнаш, чхернаш керчош, тусуш,
Ловзуш, аьрха гаьннаш тосуш,
Амал гойтуш, буро тухуш,
Хьайца йогІу дуьхьло лохий,
ЧІуг йеш, хьаьвза, тодеш куц,
Татол, шовда, шелар молий,
Хьогмах йоккхуш хийла буц.
ГІиллакх, хьуьнар, амал гойтуш,
Адам, Іалам дузош, хьостуш,
Беркатах хьайн бохча достуш,
ПаргІатдолий, кІажарш йостуш,
Хьайн сийдечу махка маьрша,
Оьзда, тайна кхочу хьо.
Йац тхан хьуна дуьрста, аьрша,
Безамана уьш ца ло.
Бина, Терк, тхан дайша лерам,
Туьллуш хьайниг мехкан цІе.
Белла тхуна хьоьга безам,
ДогІур дац и байна де.

Къона къано, беркат, марзо,
Марша да хьо, сийна Терк!
Деган йовхо, дешна кIайн ло,
Малх, сан безам, Даймохк, Терк!



ДУЬСУР ДУ-ТЕ, СТАГ, ВАЙ МЕЦА?...

– Йалта талхош чхьовг йу кIеца,
Холхаз дууш, летта неца,
Гуо дIабаьлла, гIад дац цецан –
Дуьсур ду-те, стаг, вай меца?!

– Ахь хIун дуьйцу, меъ, сан неца,
Рицкъа ма ду чхьовган кIеца.
Дита холхаз, бита неца,
Гуо хьо мел бу, гIад ду цецан.

Хьекъийтахьа чхьовг а, неца,
Вайшиъ хир ду гуо, гIад цецан.
Беркат хилар дай и-м кIеца,
Дитний Дала цкъа вай меца?!

ЖИМАЛЛА

Маржа-йаI хьо, хIай жималла –
Бераллера йеънарг схьа,
БIаьсте, безам, хьо – дозалла,
Ахь ирс делла ваха, Iан.

ГIайре йуьтуш воккхаллина,
Марзо луш хьайн йоьдург дIа,
Хьо – сан бахам, хьо – сан хазна,
Хилча хIун ду арахь Iа?

Маржа-йаI хьо, хIай жималла,
Къаналлина йелларг ган,
Хилча хIун ду Iаьнан чилла,
БIаьсте хилча кхочуш схьа?

ИРС-БЕЗАМ ЛОЬХУ АС

Іуьйренца дашо малх, гІеттина, айалуш
БІаьстенан сийначу баьццарчу бай тІехь,
Дашочу зІаьнаршца жовхІарех лепалуш,
Дато тхи туьтешца ловзучу хенахь,
БІаьстенан сирлачу ойланца кхелина
Ирс-безам лоьху ас, безамца лерина.

Къилбера корера дитта тІехь муьргийн
Четаршца кІайн заза варкъ эцна къиэгаш,
Хьалхарчу шарера беттанаш стоьмийн
Малхехь шаьш, чІиж санна, цІен-можа йогуш,

БІаьстенан аьрхачу ойланца лерина,
Лоьху ас, безам хьо, ирс хьоьца кхелина.

Байн муьрган бохь тахкош, корах чудирзина,
Зевнечу аьзнашца тайна сел куьце,
Можа, кІайн, баьццара селасат дийкира.
Хьан боху, кхаъ бохьуш ца йеъна бІаьсте?

БІаьстенан сирлачу ойланца аьрха –
Зезагаш, безамаш, ирс, беркат маьлхан.
Ца деза безамна ков, морзах, аьлха –
Безамца серло йу, йовхо йу маьлхан.

ІУЬЙРЕНЦА ЛОМАХЬ

ТІуьна йу, тІеда йу Іуьйренца ломахь,
Кхолар йу дахкарца лайн чимаш кхуьйсуш,
Іа гергагІерташ ду, шен бакъо гойтуш,
Гуьйре йу къарйала ца туьгуш чомахь.

Дерзина, цхьалха ду, чІана ду Іалам,
Когашка тесна шен ширделла духар.
Лийчина, цІанделла, кІайн лоьцуш пудар,
Кечлуш ду хІотто и керланиг барам.

Коьжалга-дукъ тІера суьйренца кІажехь
Шийла хІо деттало, лай тІера хьоькхуш.
Буьйсана седарчий баттаца лепаш,
Дахкаран лар йайна Іин долчу сонехь.

Исбаьхьчу серлонца куьце деш Іалам,
Мел долчу хІуманна дакъа луш шех,
Бутт кхетта детишца корех чу, кех –
Мила ву цу суьртан ца бийриг тІалам?

Дарйелла чов санна, сийсаш йерг дийнахь
Пеш буса йекаш йу, цІе кхерсташ сийна,
ХІоз бина горгделла, хьаьрчина Іийна,
Цициг ду самойеш гІаролан цІийнахь.

Малх хьалхе кхетачу луларчу Шоьнахь
Берзалойн угIар ду, ойлане вохуш.
УгIаре мукъмашца мох-кIуррий лоькхуш,
Сан пешан туьнкалг йу цхьа борз кху боьрахь.



ВЕСЕТ

Хууш дац, гур-ца гур, йоІ, хьо кхин суна,
Хаац-кха, доьшур дуй весет сан ахь.
Тарло и кхиволчо, йоІ, деша хьуна,
Декъала хилла, со Іожалло хьахь.

Нагахь, хан кхачаза, висахь со дийна,
ВогІур ву толамца, Дала мукълахь.
Зиэн даьхна дуьнен чу, хьалхарнаш зийна.
Нийсачу некъаца дехьа тхо, АллахІ!

Йац хьуна сацалуш хан-зама, йезар,
И сихйан вац хьуна дуьнен чохь цхьа а.
Ду хьуна хІоранна цхьаъ волчун декхар
Сан весет: Эхартан нийса некъ бан.

ІАЬРЖА БІАЬРГАШ

Боьлуш, бекхна Іаьржа бІаьргаш,
Дог сан, ойла самукъне,
Маьлхан дашо-дато зІаьнарш,
Сан ирс, безам, сан дуьне,

Ву со ирсе, ву со вехаш,
Ойла кхийда седане,
Іаьржа бІаьргаш бу со везаш.
Хиллехь, вац со хІинца къен.

Ирс, сан безам, Іаьржа бІаьргаш,
Малх-бутт, седа, ас хІун диэ?
Безам бу сан даг чохь кхерсташ,
Дарба доцуш цхьаъ хьо биэн.

Ву со, йезар, цІарах вогуш,
Орцах йала, же, ма Іе!
Хьуний бен, кхин пурба доцуш,
Вогур ву со – дарба де!

БІаьсте ма йу тешам боцуш,
Йайъац иштта цІераш хиэ.
Дехар-омра диэ сан кхочуш:
Йола соьга, виэн ма виэ.

Боьлуш, бекхна Іаьржа бІаьргаш –
ЦІена, бовха, тешаме.
Беттан серло, маьлха зІаьнарш,
Сан ирс, безам, сан дуьне!

ПУРБА ЛУО

Дешин нур лепачу зІаьнарех маьлхан,
БІаьстенан сирлачу ойланех аьрха,
Детица ккелина говзанчо леррина,
Мелахьаьжа гуьйренан Іуьйренах тарйина,

Дерриге Іаламо шен хазна йелла,
ЙоІ, туьйра ду-те хьо йа – серло керла?
Йа ирсе ву-те со? Бераллехь дуьйна
Хьох ду-кха суна и мел девза туьйра.

Ца боху сайн хила, хуур ду вайна:
Пурба луо дешийта хьайн деган жайна,
Туьйранехь ас бакъо ца йелла сайна:
Дог хьоьца ду-кха сан, жималлехь дайна!

ДОШ ЛУО СУНА

Илли, эшар, туьйра, гІан,
Сирла седа, лу, хьо лам,
Дош луо суна, йилла хан,
Ма виэ хІаллак, ма виэ къан.

Дашо хьаса, хьаьрса кІажарш,
Маьлхан дешин, детин зІаьнарш,
Цергаш – туьтеш, шагатІулгаш,
Несарий бу хьан цІахь дан гІуллакхаш.

Стиглан басахь шовда – бІаьргаш,
Можа хьоза, зевне аьзнаш,
Тайна, оьзда хьан гІиллакхаш,
Тоьур ду ахь даьхна гилгаш.

Ирс, сан безам, лекха лам,
Илли, эшар, туьйра, гІан,
Йилла йезар, хІинцца хан,
Хено безам ца бо къан..!

ЙЕХИЙЛА ИРСЕ

(акростих)

Мелахьаьжа гуьйренан Іуьйренах тарйелла,
Аьхкенан кхиъна стом санна,
Лакхарчу-Неврехь сан гІов хуьйшуш гІенаха,
Ирсе веш, дог делларг дагна,
Кхерстачу безамца къона веш къонаха,
Йехийла ирсе хьо, тайна.
Генара, гергара лар а йеш вонаха,
Аьттонца хуьлда сан жайна!

ЙАЦ-ТЕ ХЬАН БЕЗАМЦА …

(акростих)

Йац-те хьан безамца сох йоьзна ойла?
Хаттахьа, хьоменига, хьайга ахь и.
Ирсечу безамца лаьар-кха гойла,
ЙоI, везаш йу-те хьо со воцург кхин?
Тегале тоьгучо тай дуьллу меха,
Йемал дан ма гIерта, йеза йоI, и.
Генахь дерг гергадеш Iедал ду нехан,
Ахь ала: эрна ду со воцург кхин.

ВИНЧУ ДЕНЦА

(акростих)

Везан Дела, декъалвехьа
И тхан къоман оьзда кІант,
Нохчийн нанас нохчийн дена,
Ча-борз аьлла, вина верг –
Урам новкъахь вайча вогІуш,
Дуьне серладоккхуш верг,
Йеха буьйса йацйан хууш,
Нехан гІайгІа оьцуш верг,
Цхьана меттехь ша ца кхоош,
Адам, Іалам лардеш верг.
Ирсе дахар лойла хьуна,
Нийса новкъа вогІуш верг,
Атто лоьхуш вац хьо хьайна,
Рицкъа хьанал лоьхуш верг.
Лерам, безам, марзо, беркат –
Ахь мел доьхург хуьлда хьуна:
Деши, дети, дуьне, эхарт,
Ахча, бохча, могашалла,
Лулахой а лойла хьуна,
Ахь ма-бохху, дика нах.
Доьзалан хьайн вуон ма гойла –
Йеза хазна, беза мах!

Къинхьегамехь хьалхе йаккха,
Алу кхерчахь кхерстийла,
Лам тІехь зезаг кхио, даккха,
Везаш, ирсе вехийла,
Ойла къуона, сирла лаьтташ,
Йоккхийла ахь йелла хан,
Луург, оьшург, дезарг долуш,
Ага тахко буьсуш чам,
Хьайн хьомсарчийн хьоме волуш,
Оьзда вехийла, Руслан!

ХЬО СОЬГА ЙАГIАХЬ…

РегIан дукъ хадочу ГIулозан аганахь,
ЦIазамаш кхуьучу сен-кока боьрахь,
Мехашна къевлинчу къилбанан басахь,
Са пана доккхучу зезагийн майданахь,
Дарбанан хиш долчу шовданийн лулахь,
ЧIуг йетташ догIучу татолан йистехь,
Детешца лепачу Башламан гIопахь
Дехар ду, йоI, вайша, хьо соьга йагIахь!
ГIиллакхаш, амалаш кIедачу махкахь,
Терко йукъ йостучу шерачу арахь,
Бакъ кIентий бевллачу йарташна уллохь,
Новр вехаш хиллачу Лакхарчу-Неврехь,
Дайша бен тоьхначу цIонтаройн йуккъехь,
Кемс, паста, шапталш – стом кхуьучу кертахь,
Сирлачу безамца, нах хьоьгуш, бертахь
Дехар ду, йоI, вайша, хьо соьга йагIахь.

БЕЗАМ ЛУЧО ЛУШ ЙУ ХАН

Суна-м, йоІ, хьо йиц ца йелла,
Йицйар дагадеъна дац.
Хьо – сан бІаьсте, сан жималла,
Хьох сан ойла къасталац.

СовгІат ма ду иза сирла,
Дуьне, дахар ирсе деш.
Хилча хІун ду Іаьнан чилла
Шело, Іалам чехадеш?

Безамо шен бІаьсте йелла,
Зазахь кІайчу хета беш,
ХІуо а долуш хьостуш, мела,
Ирс ду безам, тІома веш.

Суна-м, йоІ, хьо йиц ца йелла,
Йицйар дагадеъна дац,
Цкъа а безам гІел ца белла,
Иза-м мохь йа ларча йац.

Ирс ду безам – сийна хьоза,
Малх, бутт, седа, лекха лам.
СовгІат ду и доцуш доза,
Хилча хІун ду дахар гІан?

Седа, жайна, сийна хьоза,
Хено виснарг веш ву къан.
Делла вайна ирсан догIа,
И Деллачо лур йа хан.



ДЕКХАРО ЦА ВИЙНА ЦХЬА А

Вайшиъ хиларх вовшийн гена,
Гергахь долуш хир йу хан.
Хилча хIун ду хьо хьайн ненан
Дуьне, эхарт, дашо лан?!

Со вац новкъахь, йоI, карийна,
Кхетайе ахь нана хьайн.
Бехке хетта, тебаш тийна,
Лачкъош, даккха зезаг кIайн.

Вехар вац со и кхардийна
Цкъа бен доццчу дуьненахь.
Нуц хир ву со, йоI, хьан цIийнан,
Со безамца вуй хаахь.

Хир ду, йоI, вай уллехь, гергахь,
Гергарло ахь леладахь.
Ду-кха вайша сов тIех гена,
Ахь хьайн нана лиэ ца йахь.

Дезарг, оьшург ахь схьаала,
Декхаро ца вийна цхьа.
Кийча ву со цIарах вага,
Безамо со воху са.

ЗЕЗАГ КІАЙН

Дезачарна даъал доцу,
Маьлхан дуьне, маржа-йаІ!
Оьмар, зама хьоьца йоцу
Деган безам – оьзда йоІ,

Муха ловр ду жимчу даго:
Деха Деле, баккха кхаъ.
Кийча ву лан муьлхха хало,
Дехар кхочушдехьа цхьаъ.

Хаъал хилча, жимчохь дуьйна
Ас даима лехна йерг.
Ирсе ву со хьо карийна,
Карайаллалц бІаьрзе верг.

Йисна хан сайн хьоьца йекъа,
Кхерсташ, догу кийрахь дог.
И чим хилла ахь дагийта,
Іехош, лекха гІертахь шок.

Ас ца боху хьоь, Малика,
Бахам дебо йола сайн.
Безам бекъа йола соьга,
Ирсан орам, зезаг кІайн.

Эшар, туьйра, деган безам –
Бераллера йеънарг схьа,
Жайна, серло, сан синкъерам,
Соьца йаха йола дIа.

Маьлхан зIаьнарш, дашо хьаса,
Безамах ирс дуцийта,
Беттан серло – цуьнан хьаша,
Къайле цаьрга йийцийта.

Стиглахь седарчий ду хьоьца
Бертахь тайна, хиндерг гуш.
Хатта цаьрга: сан-м са лоьцу,
Уьш ду суна безам луш.

Кхоллам стиглахь кхуллуш буйла
Хиъна суна бераллехь.
ХIинцца хиъна ирсе вуйла,
Хьо карийча дахарехь.

Дезачарна даъал доцу,
Маьлхан дуьне, маржа-йаI!
Маьрша хилла ахь дог лоьцу,
ДIа ца хоьцуш, баккха кхаъ.

МЕХКАН ДАЙ

Лайн чим санна, цIена, кIайн
Кочахь туьтеш-седарчий,
Оьзда, тайна болар дайн –
Ломахь кхиъна зезаг вайн.

Дай ца хилла, вай а хир дац,
Цкъа а цхьана къоман лай.
Шек ма йала, и хир а дац,
Бу вайн кIентий мехкан дай.

БIаьста кхуьу баьццара бай,
Татол хуьлу чимех лайн,
Шелар, шовда, уьйриг, тай,
Дуьне, дахар, зезаг кIайн.

Дай ца хилла, вай а хир дац,
Цкъа а цхьана къоман лай,
Шек ма йала, вай дан а дац
Боцуш кIентий – мехкан дай.

Ду вай маьрша, ду вай дай,
Даржа, деба, зезаг кIайн.
Дуца, тилла ирсан тIай,
Нохчи Делан бен вац лай.

САН ДЕГАН ГІАЛА

БІаьстено беркатах бохчанаш достуш
Сийна, кІайн, баьццара, можа, цІен, сирла,
ГІенах гІов йеъна, са пана доккхуш,
Дицделла хьуна, ахь йиц ма йе аьлла.

Ма ала, ма ала, гІенера гІала
Хьо йац и ма ала: соьгахь бу бала,
Безамах ирс дуца некъ белча Дала,
Хьо йац и ма ала – йицйелла ала.

Кхерстачу безамца безаме воьхуш,
Сийначу бІаьргаша йийсаре лаьцна,
Хьан дашо и кІажарш малхаца лепаш,
Дицделла, йоІ, хьуна, йиц ма йе баьхна.

Ма ала, ма ала, сан сийна гІала,
Хьо йац и, ма ала. ДІаайа бала,
Безамах ирс дуца некъ белча Дала,
ТІай тилла лар йита хуур ду, ала.

Терко йукъ йостучу шерачу арахь
ВорхІ вешин ворхІ седа лаьцна вайн теш,
Хан йуьллуш, тешамна чІуг йелла бешахь,
Дицделла, йоІ, хьуна, со ирсе ахь веш?

Ма ала, ма ала, сан дашо гІала,
Хьо йац и, ма ала. Берзийта бала.
Безамца безамах ирс дуций йала,
Со-м самах йезаш ву сайн деган гІала.



АХЬ ЛОЬХУРГ ВУ СО

Дуьххьара сайна хьо ййча, йоI, бIаьрга,
Дог-ойла, безам сан хьаьрчина хьох.
Хеназа баькkхина стом хуьлу аьрга,
Олу вай. Ма ала: дац иза сох,

Ойланца, дегIаца, сица, сайн цIийца
Йезаш, ас безамца лоьхург йу хьо.
Ма ала, безам сан безар бу хийца –
Дала стаг ирсе веш совгIатна ло.

Суй боьжна даг чу сан, цIе йаьлла кхерсташ,
Безамо безамна латийна и.
Цунах со вогур ву, вала ца гIерташ,
Хьо бен йац дуьнен чохь и йайа кхин.

Ала, йоI, безам сан безар бац хийца,
И Дала ирсе ван совгIатна ло.
Ойланца, дегIаца, сица, хьайн цIийца
Ахь лоьхуш воьхург ву ала, йоI, со.

ДIайаьхьна хьайца ахь, йезар, сан ойла,
Кхача и йерзаеш, хьомениг, схьа.
Ма ала соьга ахь, дац вайша гойла,
Со бIаьсте йезаш ву, дезаш вац Iа.

Хийла со хеназа набарах ваьхна,
ГIенаха гIов хуьйшуш, левинарг со,
Ма ала, безамца ваьлла со ваьхна,
Алахьа, сох йаьлча мегар йац хьо.

Мел тайна бIаьсте йу вайн махкахь йолуш,
Безамаш безаме боьху цо ша.
Ма ала, дIататта хан, гергакхочуш,
Со ирсе хилла вац иштта, йоI, цкъа.

Ма ала, цхьаммо а безамаш хийца,
Делера совгIат ду ирсе веш, и.
Ойланца, дегIаца, сица, вайн цIийца
Дац, адам, цул мерза дахарехь кхин.

ИШТТАЧУ КІАНТЕ СО ГІУР ЙУ

Хуьйцуш, машенаш ма хехка,
Куйнаш лекха ахь ма техка.
Кураваьлла, кІант, хьо чехка –
Орам буй-те хьан тай дехка?

Соьмаш, кепекаш гулйелла,
Харц-бакъ ца къестош, денвелла,
Бале ваьлла хьо адмашна –
Восса воллу-те динара?

Хилча хІун ду, кІант, хьо тайна,
ХІайкал даций хьо-м, йа жайна.
Орам бийца хьайн, «стом-заза»,
Къайле йелахь хьайн йовзаза.

КІант, сан некъаш ма къийлалахь,
Суна дуьхьал ма вийлалахь.
Баьсса ца беза стом хаза,
Мохо дІахьойла хьан заза!

Хено бохор бу бос хаза,
Мохо хьура ду кІайн заза,
Соьмаш, кепекаш ца йеза,
Суна къонаха – кІант веза!

Иза-м ийманах вуьзна ву,
Цуьнгахь лам башшол собар ду.
Деших, детих и вина ву,
Ишттачу кIанте со гIур йу.



ХЬО – САН БЕЗАМ,
ХЬО – САН ИЛЛИ

Йелайелла, йекхайелла,
Дашо малхах тар а йелла,
Сел хьо хаза, оьзда, тайна
Йайча, бІаьрга йогІуш сайна,

Суна-м, йоІ, хьо тарйеллера
Маьлха-Аьзнех туьйранера,
Цкъа а суна ца йайнера
Оццул хаза йоІ уллера.

Седа бу-те, йоІ, хьо керла,
ЖовхІар ду-те гайта делла?
Ду-те хетарг суна эрна,
ГІан ду-те хьо самах дайна?

Ткъа сел хаза, оьзда, тайна
Суна-м зезаг ма ца дайна,
Ирс ду-те хьо, лоьхуш да хьайн?
Кхоллам бу-те безаш лан, хІай?

Ахь сан даг чу цІе ма йилли,
Хьо – сан безам, хьо – сан илли,
Хилча хІун ду денош чиллин,
Хьо сан бІаьсте ма йу, илли!

Ала, йоI, ахь, муьлха оьшу:
Сийна седа йа кIайн лам,
Беззарг хьуна ас кхачор бу,
Йилла, йезар, суна хан.

Ала, йоI, ас хIун дан деза,
Хьуна муьлха хазна йеза?
ЦIарах вага ву со реза,
Хила соьга йан хьо реза.

ХЬУНА ЛААХЬ…

(Мехкарийн йиш)

КІант, со-м шелйала лууш йац,
Іаьн тІехь ловзараш дика дац,
Ло-дарц со-м цкъа а дезаш йац –
Іай йан сан хьоьга лаам бац.

КІайн Іа бІаьстено хуьйцур ду,
Іалам, самдаьлла, денлур ду,
Дуьне, хазделла, толур ду,
КІант, хьо бов вала кечлур ву.

Аьхка-м денош ду, буьйса йац,
Чуьркаш, мозий ду, синтем бац,
Чан-къахь, бурко йу, вахар дац –
Со-м хьоь аьхка йан реза йац.

Аьхке гуьйрене лестар йу,
Іалам, бос хуьйцуш, кечлур ду,
Гуьйре – токхо йу, беркат ду,
КІант, со гурахь хьоь йогІур йу.

Суна кура ма вийлалахь,
Ас и аьлла ма бахалахь,
БІаьста, аьхка йа Іай, гурахь
Со-м хьоь йогІур йу, ахь бахахь!

БЕЗАМАН ЖАЙНА

Малх-буттий, седарчий хьох доьзна хетало,
Лам, шовдий, татолаш шаьш хьуна делало,
ХIаваэхь олхазарша эшаршца дуьйцу.
Ахь лоьхург мила ву, са хьаьнга туьйсу?

Со харжа, йоI, хьайна, хьан ирс ду со дайна,
Ас бераллехь дуьйна хаьржина сайна.
Хьо ду сан коьртачех сил деза жайна,
Вехар вац йаьржинчу ойланца тайна.

Ламанца бухдуьйлу шал шийла шовданаш,
Ловзарца чIуг йетта бос сийна татолаш
Сох тешна, тешаш ду, бакъо йу хатта.
Ца тешахь – теш хир ду вай деха латта.

Вехар вац кхечуьнца дог-ойла тайна,
Хьо ду сан коьртачех сил деза жайна,
Ас бераллехь дуьйна дIа хаьржина сайна,
Со харжа ахь хьайна, хьан ирс ду со дайна.

Ца оьшу безамна ков, морзах, аьлха,
Безамца безам бу цIиэн деши маьлхан.
Некхехь дог деттало, хьомениг, аьрха,
Дарбане дош алий, даккха самалха.

ХЕНАЛ ХЬАЛХА ХИЛАЦ ХАН

Тарло, йоI, хьо сох ца кхета.
ЙогIур йелахь кхеташ хан,
Даг чохь цкъа сан цIе ца лиэта,
Эрна хилча дайна гIан.

Йита ойла хеций, паргIат,
Кхочур йу и кхолламе,
Йоьрзур йу и дохьуш совгIат,
Къайле йохьуш хьуна шен.

Шеко йац сан йогIур йуйла
Вайшиннен а ирсе хан.
Ойлано сан кхаъ беънера
Кхолламах сан хилар гIан.

Хьо – сан безам, хьо – сан седа,
Сан ирс, бахам, хьо – сан там,
Даг чохь кхерсташ сан цIе лиэта,
Хене безам балац къан.

Нагахь, йоI, хьо сох ца кхетахь,
Бехке дац оцунна гIан.
Кхетар йу хьо, йоI, шен хенахь –
Хенал хьалха хилац хан.

ЦІЕНЧУ ДАГЦА

Бехке ву со хьо йезарна,
Йезар бехкеделахь, йоІ.
Со ца веъна цІе йан цІарна,
Хьан цІе йожо, дохо дог.

Безамо шен новкъа вохуш,
ЦІенчу дагца аьтту ког
Делан цІарца хьалха буьллуш,
Веъна, дала хьуна дог.

Вац со бехке хьо йезарна,
Безам бехке ма бе, йоІ.
Хир ву бехке со кхолламна,
Іехош, лекха гІертахь шок.

* * *

БІаьргаш бехке бу-те гарна,
Йа ирс ду-те лоьхуш да?
Ду-те хетарг суна эрна,
Кхоллам бу-те безаш лан?

Дог, сан ойла шек йу стенна,
Ганза ду вай мехкарий?
Гуш ма бу уьш массо денна,
Стенна дуьйлу чехка цІий?

БІаьргаш Іаьржа, бовха-шийла,
Шапталх, Іежах беснийн бос,
Лелар, болар куьцах ийна,
Зезаг, жовхІар, ирсан хІоз.

Дог, сан ойла шек йу стенна?
Дац вай ганза мехкарий!
И ма йу вай лоьхург денна,
Дала деза чехка цІий.

Шун бехк бац, вай лоьхург гарна,
БІаьргаш, дог сан, ойла, цІий.
Хир ду бехке вай кхолламна,
И йоІ йитахь, ца деш сий…

ЗЕЗАГ СИЙНА

Сирла-сийна стигал санна,
БІаьргийн басе балош бос,
Хьо кечйелла, ала, хьанна,
Зезаг сийна, ирсан хІоз?

Муьлхха духар ахь хаздийр ду,
Массо товр бу хьоьгахь бос!
Дийца, ирсе мила вийр ву,
ЖовхІар, дарба, цІена моз.

Ирс, беркаташ шун дебийла,
Дала ша шу декъалдеш!
ЦІена безам нуьре хийла,
Хено цкъа а гІел ца беш!

Баьццара, можа, цІен, сийна –
Массо товр бу хьоьгахь бос.
ЙоІ, хьо ирсе, декъалхийла,
Зезаг, жовхІар, ирсан хІоз!

САН БАЬРЧЕ И ЙОІ ХЬИЙЗИЙЛА

БІаьрзе вац со: хаьа буйла
БІаьргаш йоьІан мокха-сийна,
Лоьхуш, суна уьш карийна,
Со уьш байна ма вуьсийла!

Са гуш ву со: хаьа йуйла
КІажарш цуьнан дешин маьлхан,
ГІиллакх-тайна, йац и аьрха,
Сан баьрче и йоІ хьийзийла.

Хуьлуш ма йац и дог шийла,
Йелар, болар куьцах ийна.
ЗІаьнарш маьлхан, зезаг сийна,
Безамах и ма хедийла!

Цунна-м хаьа ша йезийла,
Иза-м хир йу нана цІийнан.
Седарчий ду стиглахь сийна,
Цуьнан бІаьргех шайн бос ийна.

Лехна ас и, йезаш, хийла,
Безамах цхьа ма къастийла!
Баьрче, йоІ, хьо сан хьийзийла,
Со и ганза ма вехийла!

БЕЗАМ IЕХО ПУРБА ДАЦ

Йац сан тIе-кIел йина гIала,
Бахам – безам, кхерста цIе.
Дехар ду вай, шек ма йала:
Безам лучо луш ду де!

Зезагех кхуьур йу майда,
Арахь сийна баьлча бай.
Безам, ирс, сан сирла седа,
Хьуна дог лур ду ас сайн.

Дац и цкъа а лаьцна мекхо –
Безамо и лардо ша,
Дац и шеца йолуш шалхо,
Хьо бен хир йац цуьнан да.

Мегаш дац, йоI, харц дерг ала,
Безам Iехо пурба дац.
Сийна седа, сан ирс-гIала –
Хьоьца йуста серло йац.

* * *

Іаьнан чиллах дац хьан гІиллкхаш
Аьхкенах ду аьлла хета.
БІаьсте йолуш хуьлий цІераш? –
Сан даг чохь уьш кхерсташ лета.

И дІаяйа гІодан аьлла,
Дерриг дуьне орцахдаьлча,
«Хи чу вала, цІарах ваьлла» –
Мегар дац, йоІ, ахь ца аьлча.

МА ЙОЛА СОЬГА

Мегар дац дог дара цкъа,
ХIор а деган ву шен да.
Дац, йоI, дагахь дийца хьоьга,
Дийцинчех ца хилла са.
«Тоьур ду», – цо боху соьга,
Хецна дитар ницкъ бац лан,
Эхьцахетар дагадан
Дог дIаделча, вара да.

Дац, йоI, дагахь дийца хьоьга,
Дийцинчех ца хилла са.
Тоьур ду, ма хьежа соьга,
Йохка-эцар йеш вац цкъа,
Сайн сих, цIарах иэшац йан,
Дог дIаделча вара да.

Дац, йоI, дагахь дийца хьоьга,
Дийцинчех ца хилла са.
Мегар дац, ма йола соьга,
Дарба ма дац хьоьца цхьа,
Сан дог-ойла кхиъна ша,
Вита новкъа сайн суо ван.
Мегар дац дог дара цкъа,
Массо деган ву шен да!

* * *

– Алалахь, йоI, ахь, муьлха оьшу:
Сийна седа йа кIайн лам?
Беззарг хьуна ас кхачор бу,
Йилла суна, йезар, хан.

– Ойлано, кIант, дог сан къуьйлу,
Лаам бац сан хьо бен цхьаъ.
Безамо са пана кхуьйлу,
Кхоллам луш ву АллахI цхьаъ.

Дахар, дуьне, сан ирс, безам,
Сирла седа, сан кIайн лам,
Бойла, везар, цо вайн лерам,
Кхоьллинчунна хаьа хан.

ЙЕЗАЧУ ЙОIЕ

Ойла, йоI, сан хьох ма хьерча,
Карзахдуьйлу некхехь дог,
Йовхо йу-те хьо сан кхерчан,
Сан ирс ду-те боккхуш ког?

Ала: ахьа стенца йоьзна
Ойла, веш со йийсаре.
Хьоь сан кхийда ойла –
Ломах хьаьдда чухчари.

Воьху цо со стиглан пана –
Седарчийн цу гIеране.
Вац хууш верг хиндерг кхана,
Адам дуй-те соьл ирсе.

Кемсийн хьаьрча хьаса санна,
Ойла хьерча, йоI, сан хьох.
ХIуьнан чкъуьйриг тIамарх санна,
Йоллу-те хьо къаста сох?

Стиглахь, дIабовш, бедда седа,
Лепар бац и йуха кхин.
Сан даг чохь цIе, кхерсташ, лиэта,
Ахь латийна цу чу и.

Безаман цу цІарах вага
Вита со, ма йайъа и.
СовгІат ду и: ирсе ваха
Дац цул мерза хІума кхин.

ХЬОМЕ ТЕРАНИГ

Бехке вац со хьо йезарна,
Ницкъ бац ойла сацо сайн,
Йоху ахь и стиглан пана,
Безам лоьхуш йу хьо хьайн.

Суна-м хаьа, стенца йоьзна
Ахь сан ойла, тIома йеш.
И ма йаха стигла сийна,
Вита, йоI, со, бIарз ца веш.

Даго лехнарг ца карийна,
Со, кIадвелла, сецна ву,
Со-м ца хIутту хьо йу ала,
Сих ма вехьа, хуур ду.

Жимчохь дуьйна кхиийнера
Мерза безам сайна ас.
ГIенах, самах ас лехнера,
Гарехь, герга ду сан ирс.

Ойла хьох сан хьаьрчинера,
Сан бехкенна хIумма дац.
Лоьхуш, суна тарйеллера,
Со хьекъална эшна вац.

Ойла йаьхьна, чIана ву со,
Ахь а лоьху безам хьайн,
Ас ца боху бехке йу хьо:
Ларйе? боху, ойла сайн.

Безам байна, вехар вац со,
Со, кIадвелла, сецна ву.
Ас лоьхучу безамах хьо,
ЙоI, сов чIогIа тера йу.

ЗУДА ЙОЛЧУ КІАНТЕ

КІант, ахь ойланаш стенна йо,
Боцчух бала ахь хІунда бо?
Хилча хІун ду хьан цІахь зуда? –
ХІайкал даций и-м йа жайна.

Хьан зудчул со хаза, жима йу,
Сох хьоьгуш, хьан даг чохь безам бу.
Хьо иштта мел лела дагахь ву?
Сатийса хьоьга мел дезар ду?

Хьоьгахь ахча ду, бохча ду,
Могаш, маьрша ву, къона ву.
Жерой, мехкарий дукха бу,
Массо бакъонаш хьоьгахь йу.

Дуьненахь цкъа бен вай дехаш дац,
Безамца ца ваьхнарг вехаш вац.
Сайн безам ас цхьаннех лечкъор бац,
Со къонах воцчуьнца йехар йац!

Зуда-м пен баций – тоттур йу.
Бертахь Іиэн хаахь – барт хир бу.
Везар, дийца хьо муха ву?
Дарба хьан дагна муьлха ду?

Вайн синош вовшашка кхийдаш ду,
Хьо-м, гарехь, со дукхайезаш ву.
Хьан безам ас, лоруш, ларбеш бу,
Со-м кестта, кІант, хьоьга йогІуш йу.

Суна вуохий ма хьийзалахь,
Качлой, кура ма вийлалахь,
Шалхонаш, шеконаш йиталахь,
ДІахеца ца лаьцний хаалахь.

Дуьнен чохь цкъа бен вай дехаш дац,
Безамца цаваьхнарг вехаш вац.
Сайн безам кхечунна буьтур бац ,
Хьо воцчу кІантаца йехар йац!

ВОККХАВЕРЦА ХЬОЬЖУШ ІА СО….

Воккхаверца хьоьжуш Іа со хьоьга,
КІорда ца деш хьежарх дукха мел.
Хьан хазаллех дешнаш луьттуш тега
Ирсе ву со, муьлхха хиларх кхиэл.

Мел товш куц-сурт делла хьуна Дала!
Дог а делла цуьнца иштта Цо.
Хьо-м ирс долчун хир йу цІийнан нана,
Соьга йагІахь, хир йу ирсе хьо.

Цкъа хьан бІаьра хьаьжначунна –
Леррина йа ларамза –
Хуур ду хьо совгІат дуйла
Безам бевзаш волчунна.

Цхьа шатайпа эсал, оьзда, аьхна
Хьан бІаьргаш чохь лечкъа кІоргалла.
Ахь ву ала со хьайн даг чохь ваьхна,
Сан ирс-безам, бІаьсте, дозалла!

Малик санна, цІена, тайна, тийна,
Эхь-бехк сица, цІийца дериг хьайн
Нана хила йола, йоІ, сан цІийнан,
Хьан цІе йайна суна даг чохь сайн.

Хастам бо ас везчу Далла,
Хьо кхолларна, йаларна
Баркалла хьан дена-нанна,
Хьо ийман чохь кхиорна.

Кхоллахь адам долуш шен ах дакъа,
Вайша вовшийн лоьху ши ах йу.
Ас хьо лехна къайлах-къулах, акха,
ГІенах, самах со хьан йийсар ву.

Хенал хьалха хан хуьлуш ца хилла,
Шина эхах хуьлуш хилла ах.
Безамна ца оьшу йамарт хІилла,
Тешам, цІано, безам – цуьнан мах.

Ирсе хир ду вайша цхьаьна,
Йола соьга – виэн ма виэ.
Мел хала ду сина, дагна
Хьо йан йолуш йоцуш Іиэн.

ДИКА КІЕНТИЙ – ДИКА ГІАЛА

Тукар, тІара, тайдечиг,
Топ, тапча, тур, шаьлтий,
Ков, аьлха, тІулг, гІайракх,
Сахьт, мухІар, гуьлмаьндий, –
Муьлха деза, ахь схьаала,
Сан кІорни, самадала:
– Туьха, сискал, тІуо-берам,
ХІоъ-молха, дуо, вертий,
Вота-пондар, синкъерам,
Гуо, цІено, ков-керттий –
Муьлха деза, ахь схьаала,
Сан кІорни, самадала:
Нуьйра, дуьрста, дин, шеддий,
Тай-маха, Іад, урчакх,
Малх, стигал, бутт, седий,
Ахча, бохча, шок, байракх, –
Муьлха деза, ахь схьаала.
Нанин дог, самадала,
Туьйра гІерта чекхдала,
Самайаьлла йу гІала,
ХІай кІорни, самадала,
Буй хьуна сан бала?
Дала хьуна ирс лойла,
Хьо-м Делан малик ду!

Вуон долчух лардойла,
Хьо ненан дог ма ду!
ХІай кІорни, самадала,
Дела кхаба ахь нана!

СО-М, НАНА, ЦЕЦЙАЬЛЛИЙ…

Дашо ахча, хьайбанан лаг,
Ши дум кхиъна эмкаллий,
Кхийра кхаба, чийлаккий,
Таьлсаш чохь саьмгаллий,

Дато доьхка, кIайн бIегIаг,
Хен кхоран, шапталлий,
Аьчкан черма, ножан шелаг,
ЦIеста кIудал, Iаж, баллий,

БаIар, басар, ширдолаг,
ГIад, цаний, мангаллий,
ЧIиж, можа карчолаг,
Йай чуьйнан, буька зайлий,

ТIома лела бирдолаг.
– Нана, дада самаваьллий?
– ХьалагIаттахьа, Баколаг,
Иза-м хьуна гIан дайний,

Дала дойла дика мел дерг!
– Со-м, нана, цецйаьллий…
– Цец ма йала, сан хазаниг,
Цо-м хьуна ирс деллий!

МАЬЛХАН ЗІАЬНАРШ – СЕДАРЧИЙ

Зули, Бака, Фаризий –
Сан седарчий-мехкарий –
Цхьаъ вукхуьнца йохье йуьйлуш,
Вовшех мерза дагабуьйлуш,
Уьш бу оьзда, тайна кхуьуш.
Даьхни уоза, нораш хьакхар,
Аннаш, кораш, пхьегІаш йилар
Бац уьш нанна дуьтуш цкъа а,
ХІораммо до гІуллакх ша.
Кхача кечбар дуьйцур дац,
Цаьрга-м цхьа а кхочур вац,
Царах жимниг Зули йу,
ХІинца-м цуьнан итт шо ду.
Иза-м дерриг хууш йу,
Цо-м хиндерг а дуьйцуш ду.
Бакин шийтта кхаьчна Іай,
Иза-м говзанча йу, хІай:
Тегар, йарар, йаздар, дешар,
Дагахь мел ду сиха лерар.
И шиъ цхьаьна доьшуш йу,
Даим чІогІа бертахь йу.
Цхьаъ шен хенал хьалхайахна,
Важа кІеззиг тІаьхьайисна,
Вовшахкъаста шаьш ца лууш,

Шайн денене дехар дина,
Царна муха лаьа хууш,
Дехар Бабас кхочушдина.
БІаьста зезаг долуш кІайн,
Кхочуш йу Фариза-сай
Шен массарел хаза хан.
Берийн нана йу Дагман.
Ас уьш бийца оьшуш дац,
Вовшах и шиъ къаьсташ йац,
ЦІерайаьлла ПетІамат,
И-м ден йоІ йу – селасат.
Ламаз-марха дуьтуш бац,
Има-беркат хедаш дац.
Маьлхан зІаьнарш, седарчий –
Оьзда, тайна мехкарий,
Уьш ца безаш цхьа а вац,
Дас уьш кІентех хуьйцур бац.
Шаьш ца тешахь, дуьйла цаьрга,
Кхочур ду шу МусагІаьрга.

ДИКА КІЕНТИЙ – ДИКА ГІАЛА

Дадин, бабин бераш-кераш, –
Делан совгІат, тайна хьелаш:
Іабдул-Рахьим, Ислам, Дени –
Бац-кха цаьрга кхочуш кІентий,

Говзанш бу уьш дан гІулкхаш:
Царна-м хаьа ловзо гІулгаш,
ЦІенош догІа, хьакха тІулгаш,
Тойан, хьовзо, карчо чкъургаш,

Говрийн рема, машен, кема
Лело, хахка, хІотто кхиэма,
Некъаш дахка, тІеш а тахка,
Уьйраш лаца, хадо бухк а,

Деша, йаздан, Іилма Іамо,
Даьхни, хьайба, стоьмаш кхио,
Жижиг, чІара бара, бакъо,
ГІиллакх лело, ларйан бакъо,

Йохка-эца, йуста, лара,
Ловза, лата, йан буй-тІара,
Йалта кхио, дерзо, ара, –
Дерриг хууш, деш ду цара.

Уьшша-м ламаз бу дан Іемаш,
Царна-м йевза цуьнан хенаш –
Делан совгІат, оьзда хьелаш,
Дадин-бабин бераш-кераш.

Дац сан царах воиг ала,
Дика кІентий – дика гІала:
Іабдул-Рахьим, Ислам, Дени –
Бац-кха цаьрга кхочуш кІентий!

КЪОНАХ ВЕХАШ ЦІАРЦА ІА

Моххий, къаххьий, гІуммий, чан,
Кхолар, хаттий, уьшал, Іам,
Ламмий, шу, гу, басе, барз –
Къонах деш вац цкъа а арз.

КІаггий, оррий, токхам, Іин,
Алаша, кхел, бекъа, дин,
Татол, шовда, шелар, хІорд –
КІант, ма йетта эрна йорт.

Іуьйре, суьйре, буьйса, де,
Стигал, латтий, кхерччий, цІе,
Ло, дарц, къора, догІа, дохк –
Къонах ларбеш ву шен мохк.

Мангал, шада, баьхьа, бел…
Ваха лаахь – йац и кхиэл,
Тай йа тІийриг, мушший, тел –
Къонах хено веш вац гІел.

БІаьсте, аьхке, гуьйре, Іа,
Вовшийн хуьйцуш, уьду дІа,
Вай ду иштта догІуш схьа –
Къонах вехаш цІарца Іа.

ЭРНА ХАН МА ЙАЙЪАЛАХЬ

Малхо ботту цигахь хох,
Ирча, чехка болу мох,
Шело хIутту, дулуш нох,
Хьо-м ца теша, гарехь, сох.

Иштта меттиг дуьненахь
Цхьаъ бен йац – и йац кхузахь,
Каро, йовза и лаахь,
Iилма Iамаде, кIант, ахь!

ТIулгаш, жагIий, чанний, гIум,
ГIайракх, аьлхий, чхарех шун,
Ло, дарц, къора, догIа, дохк:
Iалам тамашийна мохк.

ЗIийдаг, синтар, диттан хен
Кхуьуш бац заз даккха шен,
Аре луш йац цкъа а сен,
Цигахь хIумма луш йац ден.

КХУННА-М ДЕВЗИЙ, ХААЦ ВАЙ

Кхийра кхаба, дечкан текх,
Аьчкан маьнга, тІулган некъ,
ЦІеста кІудал, йоьза тас,
КІайчу зезагийн ду хас.

Кхерчахь буька чуьйна йай,
Аьнгалин йу-кх доккхург чай,
Даьхний, стоьмаш, сийна бай –
Кхунна-м девзий, хаац, вай.

Тарраш, шаьлта болатах,
Кетарш, куйнаш холхазах…
Цец ма ваьлла со-м, ва нах,
Инзаречу кху хьолах.

Дато дуьрста, расха дин,
Дашо ахча, киснаш, Іин.
Велла вала со, Хьуьсин! –
ХІара-м кхоччуш велла цІин.

Иштта-м хуьлийла ма дац.
ГІан ду-теша, хьо ву-вац?
Хьажал: кхозу мажар топ –
ХІокхо-м доьхур ма ду жоп.

ЦИЦИГ, ЖIАЬЛА…

(дагардар)

Цициг, жIаьла, майра борз,
Пхьагал, цхьогал, дахка, цIоз,
Котам, нIаьна, бад йа гIаз:
Со дIаваьлла, хьо дIаваьлла.

Газа, йедда, кIелхьаръйаьлла,
Гомаш-кIорни хи чу йаьлла.
Нанас духку цIен, кIайн боз,
Дадас доккху накхармоз –
Хьо дIакарча, горга хIо

ТАЙНА «ЛЕКЪ»

Дада хьийзош ву шен мекх,
Велакъежа Асламбек,
Ахьар хьакхош, карахь текх
Нана йаьлла царах шек.
Дадас ларбо урамнекъ,
Воьлу къайлах Асламбек,
Некъа догIу тайна «лекъ» –
Нана чIогIа йаьлла шек.
Дада-м хьийзош ву шен мекх,
Нене хьоьжу Асламбек,
И «лекъ» дайча долуш чекх,
ХIинца-м массо ваьлла шек.

ЧIЕГIАРДИГ

ДIадиэлла, дIадиэлла,
ХIай бераш, кор.
Кхаъ бу сан: гой шуна
ЧIегIардиг-лор!

Беха некъ теллина,
Ченан хIур боцуш,
ГIелдалар гайтина,
Цкъа сацар доцуш,

Оьзда дегI дайдина,
Мерза мотт лебеш,
Шера тIам айбина,
Маршалла сихдеш,

Гуьлмаьнда тиллина
Iаьржа-кIайн лепаш,
ГIабали йуьйхина
КIайн нускал хеташ,

Схьакхаьчна – дIадиэлла
Бен болу кор!
Кхаъ бу сан: гой шуна
ЧIегIардиг-лор!

Марша да, марша да,
Беркате хьаша!
БІаьстенах кхачий ахь
ТІемаш тІехь дакъа.

ГІУРГІАЗ, ТОДАКХ, ГІАРГІУЛИ…

ГІургІаз, тодакх, гІаргІули,
БайтІакусказ йа дургали,
Шоршал, нІаьвла, хІурцІаьлдиг,
Шалго тІемаш – чІегІардиг,
ЧІоббий, леккъий, хенакІур…
Хаац, хьанна мичхьа гур
Кечалкхокхий, селасат…
И зезаг ду петІамат.

ЛЕЧА

Нуьре бІаьрг, аьрха дог,
Майра са, каде тІам,
Бен богІа хаьржинарг
БІаьвнийн мохк, лекха лам.

Доьналла сийлахь ду
Бераллехь Іамийнарг,
Лардинарг декъал ву
ХІаваэхь зиэделларг,

Ламанца дахарехь
Лулахой бевзинарг,
Безамца, гІиллакхехь
Уьш хьайца карийнарг,

Дайн, дедайн харжамна
Даггара реза дерг,
Маршо йа Іожалла
ЦІергара йоккху йерг,

ХІоъ-молхий, ткъес санна,
МостагІна кхераме,
Бутт-седий, малх санна,
Хьешана тешаме,

Нуьре бІаьрг, аьрха дог,
Майра са, каде тІам…
Бен тоха хаьржинарг
БІаьвнийн мохк, лекха лам.



АЛКХАНЧАШ

– Кхоанна хІун ло ахь? Кхаъ бу тхан, нана:
Алкханча!.. Алкханчаш йаьхкина арахь!
ГІур дуй вай, доьлхий вай, хьомениг, кхана
Хьонканан схьакъедда зІийдагаш йаха?

Ахь, нана, аьллера, йаьхкинарш йагІахь,
Кхор болчу боьрара ло дешна далахь…
Йуха а элира: дицделла хьуна?
– ГІур ду вай, нанинш, бецан лар йалахь.

– Кхор болчу боьрара ло дешна даьлла,
ГІулозан аганахь бецан лар йаьлла,
Алкханчаш!.. алкханчаш йаьхкина арахь!
Кхоанна кхаъ лохьа, хьомсарниг нана!

ЛОМАХЬ БІОВ

Воттана, аьлха, диг йа жІов,
Хьостам, морзах, шога ков,
Да ца хилча, эрна дов.
Кхийра кхаба, ломахь бІов,
Даьхни, хьайба, котам йов
Дацахь керт йа ринжа, ков.
Хьарам некъаш хІусмехь дов –
Хьанна оьшу, хьанна тов?
Царах лаьтта лерехь зов,
Дечиг даьгча – пеш дІайов,
Марзо хаьдча – безам бов,
Даго къурдашца и лов,
Коьртехь лаьтта цуьнан ов.
Мегар дац, ма вала сов,
Дегнаш ларде, ма йе чов.
Хьекъал хилий, дита дов,
Къонах хилий, вала бов,
Ломахь ша ца хІутту бІов.

КЪА ЦА ХЬЕГЧА, ЙАЦ ИРХО

Шурий, берам, кIалддий, тIуо,
Нехча, даьтта, морза хьуо.
ЙухайогIуш йиц ма ло
Даьхний лело дуй хало.

Атто лехахь, гIуллакх тишо
Хир ду, йоI. Ма йе мало,
Хенал совчу набаро
Тарло дахар хьан талхо.

Іуьйрре гIатта йиц ма ло,
Къа ца хьегча, йац ирхо.
Бахьнаш, хабарш, кийтарло
МостагIий бу, йоI. Ларло.

Церан тукхам – йамартло,
Тайпа церан ду – цхьа харцо.
Гарах олу хьарамло,
Орам церан бакъало.

Сонта, кура, Іовдало
Дай бу церан: йиэ тидо.
Хьанал болххий йа бакъо
Лайна бац уьш цкъа мукъна.

Ненан орам бу коьрто –
Тукхам, тайпа, гар, мало.
ДІаьвше орам бу хало,
Багабойла и цІаро!

Теснарг цаьрца гергарло –
Декъазчел ву декъаза.
Орам дІаьвше йу эрчо:
Ларве царах Кхоьллинчо!

ТАХАНА, КХАНА…

Тахана, кхана, лама, ула,
ЦІака, цІука, тІаккха-цІаста,
Оршот, шинара, кхаара, йеара,
ПІерасканде, шоттий, кІира…
Баттахь, шарахь, бІаьста, гурахь,
Іай йа аьхка, буса, дийнахь
Ло-дарц, къора, догІа дарах,
Кхоларш йоцуш йокъа хІоттарх,
Денош иштта ду тхан мехкан –
Гурахь, бІаьста, Іай йа аьхка.

КІАГГИЙ, ОРРИЙ…

КІаггий, оррий, токхам, Іин,
Алаша, кхел, бекъа, дин.
Ламмий, шу, гу, басе, барз –
Къайлавала, ларде аз!

Татол, шовда, шелар, хІорд –
Лелий вала, тоха йорт!
Цхьаъий, шиъий, кхоъий, диъ –
Школехь даккха деза «пхиъ»!

АЬШКАЛЛИЙ, БЕЛЛИЙ…

(дагардар)

Аьшкал, беллий, баьхьий, нуй –
ЦІано йезарг бакъ ма луьй!
Башлакх, верта, месал куй –
Шело шийла цаьрца туьй,

Говро белхехь поппар хьоь,
Гурахь, бІаьста йалта доь.
ЖІаьло стенна лоьху гуй? –
Хьо дІавала, мангал-куй.

КУЬРК

Шаптал, паста, хорбаз, туьрк,
Кхораш, кока, цIазам, муьрг,
Зингат, саллар, полла, чуьрк –
Йуй шун сискал йоттуш куьрк?

Дац и кIади, дац и цуьрг,
Шаптал, паста, хорбаз, туьрк,
Кхораш, кока, цIазам, муьрг,
Зингат, саллар, полла, чуьрк.

Ло, дарц, къора, догIа, дохк,
Мангал, гота, мекха, мохк,
Дац и къонза, берам, хох,
Чуьхьа, морза, ниха, нох.

Бац и чехка, шийла мох,
Сискал йотту, во цо вох.
Латта, поппар, лаам, болх –
Куьрк ца йовзахь, вац хьо тхох.

ДАРБА

ДегIе хьаьддехь шело шайн,
Дарба – Iаждарбецан чай.
ДIа ца йалахь, кечбе йай,
Мекхан ловраш кхехкайай,
Когаш бахка цу чу шайн,
НегIарш бIаьргийн чIагI а дай,
Хеций йита ойла – сай.
Дато хьесий, шовда, тIай,
Баьццара, можа, сийна, кIайн
Зезагех кхуьур бу бай.
Дилла дол ахь, дехка тай,
Хир ду дарба, схьалахь шай.

ЦIУЗАМ, ЦIУЗА, ЗОКА, ЧIУГ

(дагардар)

ЦIузам, цIуза, зока, чIуг,
БиргIий, маршший, хIоззий, чкъург,
Чуха, тIийриг, тай йа муш,
ЦIено, гIала, тоьла, туш –
Лачкъий довла. Вац со гуш,
Дагардеш ву буйнахь хIуш:
Цхьаъий, шиъий, кхоъий, диъ –
Лаха воьду, аьлча – «пхиъ».
Лачкъаза виснарг бехке ву –
Со-м и саннарг лохуш ву.

ДАГАРДАРШ

Тукар, тІара, маха, тай,
Басма, киса, дари кІайн,
Ше, дол, аьрша йа гІаддий,
Урчакх, тІаргІа йа Іаддий
Уьйриг, мижарг, цхьа мисхал,
Нехча, берам йа сискал,
Шар йа морза, муьста бод –
Хьо дайала, нанин дог

* * *

Шаьлта, доьхка, кетар-кач,
Мажар, тур, йа хьаьрса хьач,
Дума, сискал, йоьза тас,
Нитташ, чIимаш, хохийн хас,
ЦIазам, кока, хьормат, Iаж,
ГIабакх, хорбаз, паста, наьрс,
Кхийра кхаба, дечкан текх, –
Хьо дIавала, меркIел мекх!

* * *

Мангал, чIода, шада, лом
Лаьцнехь мекхо – кхиац стом,
Стом ца кхиъча – хилац сом,
Сом ца хилча – кийчча тIом,
ТIамо йухатуху тIом,
И ца безахь – даккха сом,
Дезахь сом – кхиабе стом,
Эшахь стом – хьайн ларде лом.

ЗУЛИ ЙАЦ И НАБ ЙЕШ ІИЙРИГ?...

Маша, хьаса, тай, йа тІийриг,
Чухий, мушший, бухка, тел –
Хаьий шуьна цаьрца дийриг,
Муьлха муьлхачо йо гІел?

Синтар, дитт а, хен йа гуьйриг,
Мангал, шадий, баьхьий, бел –
Муьлхачех бо бабас уьйриг,
Стенна оьшу муьлха, мел?

ХІуьнан йоьжна тІера чкъуьйраг –
ТІум лур йуй-те цуьнан шел?
Муьлха ву шух чІогІа луьйриг? –
Бераш, жимма собардел.

Зули йац и набйеш Іийриг?
ХІара-м, гарехь, йелла гІел,
Мегаш ма дац сов тІех дийриг.
Бераш, кІеззиг набарш йел.

МА БОГІА ГУР АХЬ,
МА АХКА ОР

БиъмогІанаш



* * *

БІаьргаш а, лергаш а, дог-ойла, мотт,
Когаш а, куьйгаш а меженаш – ботт
Теш хІуьттуш де хир ду, доьхур ду жоп,
Къай, меллий узучохь гуш хир йу чот.

* * *

Ваша, хьо вешина хилалахь лор,
Вешица догІалахь, ваша, ахь кор.
Боца бу дуьнен чохь вай боккху мор,
Дуьнен чохь кечдеш ду эхартан пхьор.

* * *

Ма богІа гур ахь, ма даккха ор,
Ма туса, ма ахка, ма даккха чкъор.
Байттамал хир ду вай – боца бу мор,
Харцонийн вац шуна орцахо, лор.

* * *

Оьшучун, дезачун беш ду вай тидам,
Мел долчу хІуманан хийцало битам.
Диканца са дала само йе, адам,
Дуьненан дахарна кхетале тІадам.

* * *

Са долчун са дала дезаш ду, адам,
Дуьнен чохь бац хьуна цул чIогIа лазам.
Iожалла къайлах йу, хIуттур бу кадам,
Ойла йе, кечамбе даларна, адам.

* * *

Диканиг дика дуй хууш вай хилча,
Вуон дериг девзарш а ца хуьлу вай.
Сий долуш, и доцуш – ши агIо хилча,
Вай стенна хуьлуш ду сий доццчун дай.

* * *

ШайтIанца йина-м вай хир ма дац чIагIо,
Нийсо дIатеттина, харц лаца агIо.
Тхов, беда боцуш ду шайтIанан рагIу,
ЙуьхьIаьржа хир ду вай – шиъ бен йац агIо.

* * *

Дезарг, оьшург делла хилча,
Луург, хетарг, доцург дита.
Долчун хастам беш ца хилча,
Цхьа а доцуш тарло дита.

* * *

Хиндерг дийца боху ахьа?
Даллий бен и, хууш дац.
Кечам хила безий-м хаьа –
Валарх ваьлла цхьа а вац.

* * *

Безахь барз хьайн лекха, кура,
Даккха ор ахь кIорга, шуьйра.
Орца даьлча – барз ца болу,
Барз ца болуш – ор ца долу,
Иштта йу-кха церан уьйраш…
Эрна ду, кIант, кхузахь туьйра.

* * *

Маха бодахь – тай а доьду,
Йухавала сих ма ло.
Ира маха дика-м боьду,
Маха ирбай, майе хало.

* * *

Къона, могаш, маьрша верг
Воцуш йан а тарло хан.
Хастам белахь, дийнаверг,
Дала тоьхнарг йу-кха хан.

* * *

Доца делларг – доца лохуш,
Доза доцург – деха лохуш,
Валар, вахар дIа ца тоьттуш,
Даха, адам, дала хууш.

* * *

Вай дуьнен чу догIучу хенахь
Делларг дохьуш догIу вай.
Эхарта вай доьрзучу хенахь,
ХIун хьор-теша цига вай?

* * *

Вайна шен букъ тоьхна доьдучу дуьненна,
И лохуш, сахаьдда уьдуш берш тIаьхьа,
Йуьхь-дуьхьал схьадогIуш эхарт ду денна…
Тоттий-те Iожалло хан кхаьчнарг тIаьхьа?!

* * *

Некъ дика бу, ваша, боьдуш берг цIехьа,
Са бIаьрза хьовзош йу аренаш нехан.
Дуьнен чохь хIума дац Даймехкан меха,
Нана вайн дегнаш чохь мел деха йеха.

* * *

Ма доьхна хьийза хьо, дуьненан дахар,
Ахь стенна ца лов-те диканца дазар?
Дика ахь кхачийча, вуон хуьлу кхачар,
Ма гІерта и кхачо – духур ду дахар.

* * *

Сихйелла, дарйелла, гІире сов шога,
ГІиллакхаш дохадеш, марзонаш хедош,
Йиш-ваша, доттагІий, безамаш къестош,
Ма къиза йеъна хьо, хІай бІаьрзе зама!

* * *

Дикалла диканца кхиош йу, адам,
Диканна диканца дика бу сацам.
Дика ахь кхачийча, вуон гІотту кадам,
Вуон долчун шайтІа ду дог, охІла, лазам.

* * *

Ийман ду дикаллин зезаг, стом, орам,
Вуон долчун шайтІа ду ирбина къолам,
Бос хаза, дарбане хуьлуш йу хьорам,
КІохцале йу-кха и. Бовзалахь орам.

* * *

Тобане хьаьжжина хуьлуш ву тхьамда,
Тхьамданан дош лелахь, тоба йу онда.
КIиллонах тхьамда веш, кхоьллинехь оба,
Кога а хIоттаза йухур йу тоба.

* * *

Харцонца хьукма деш, харц йинчу кхиэло,
ДегIаста хIаллакйеш, чутесна шело.
Йоьрзур йу тесначийн хIусмашка гIиэло,
Кхечунна ор даккхар – ша-шена кIиэло.

* * *

Мотт дика бац хьуна кIохцале, беха,
БIаьргаш а бац дика киснашкахь нехан.
Когаш бу, куьйгаш ду, лар ца дахь – Iеха.
Тай дилла, тоьгушверг, тегале меха.

* * *

«Муьлха ду дуьненах, эхартах деха?» –
И ойла йац-теша дегнаш чохь нехан.
Мел сиха деба хьо, харцонан Iеха,
Байттамал хирий-те? Дохур-те кеха?

* * *

Нийса дац, велахь хьо харцонна реза,
Ца боху ас хьоьга: кхо тІам бу гІезан.
Боху ас: «Іамийча – Іемаш ду кІеза;
Іуьне жоп доьхуш верг – алдаьлча эса».

* * *

Диканна дакъа хьо лаьцна ву моьттуш,
ШайтІане урх йелла, хьуш верг цо дІа,
Харц новкъа воьду хьо, харцоно тоьттуш,
Самавала, телхинарг, самах ду Іа.

* * *

Диканца дикалла диканна кхиош,
Дехийла, адам, хьо ирс долуш, маьрша!
Ийман ду дикалла вочух дІакъастош,
Оцунна-м ца оьшу урх, дуьрста, аьрша.

* * *

Дуьненан дахарехь дукха ду некъаш,
Калам ду дуьненна нийса некъ хьоьхуш.
Валар а, вахар а бац, адам, бегаш,
Некъ массо бу хьуна эхарта боьдуш.

* * *

БІаьргаш а, лергаш а, дог-ойла, мотт,
Когаш а, куьйгаш а, меженаш-ботт
Теш хІуьттуш де хир ду, доьхур ду жоп,
Къай, меллий узучохь гуш хир йу чот.

* * *

Мел долчу хІуманан шен-шен ду некъаш:
Мер кІелахь доццуьнга хьийзалац мекхаш,
Мачаш а хуьлуш йу къагийча къегаш,
Іилмано веш ву-кха цакхетарг кхеташ.

* * *

Кховдочу куьйгаца Іожалла йу хьуна,
Боккхучу кога кІел каш-лахьта ду хьуна.
Хилалахь, дийна верг, валарна кийча,
Кхоьллинчо: «Кун!» аьлча, валар ду кийча.

* * *

Нийсаниг – дика ду, диканиг – хаза ду,
Хазаниг – гІиллакх ду, гІиллакхца дарба ду,
Дарбанца хазна йу, и матте йелла йу,
Хаза дош – сагІа ду. Цул деза хІун хир ду?!

* * *

Вай лаьтте доьрзур ду, дохур ду кех а,
Іамал бен йац хьуна цига хьош пхьегІа.
Ткъа дика Іамал йу дуьненан меха,
Дуьненан бахамаш – баланаш, Іеха.

* * *

Ма хьега сонтачу бахамех нехан,
Тоийта дуьненан бахамаш гІеххьа.
Цу лаьттан кийра вай доьрзур ду цІехьа,
Хастамца хьеша и. Хьоьшур дац деха.

* * *

ХІай, лаьттан букъа тІехь леларг, и хьоьшуш,
Цу лаьттан кийра вай ду дерза дезаш.
Латта а ду хьуна ша дезарг везаш,
Хан дукха йац хьуна йоккхург и хьоьшуш!

* * *

Мел дукха дуьнен чохь дехаш вай Іерах,
Валар бен, чаккхе йац дуьненан кийрахь.
И валар, бусалба, ахь диц ма делахь,
Цо вай а ца диц до, дицдина леларх.

* * *

Генарниг герга деш Iедал ду нехан,
Гергахь ду гергарниг – тай дилла меха.
Генахь дерг гергадан муш беза беха,
Мохь тоьхча, хезехь дерг дуй-теша гIеххьа?

* * *

Аьхкенца исбаьхьа стом кхиарх хийла,
Хаалахь, адам, вай хьошалгIахь дуйла.
Гуьйренца токхо йу, ца оьшуш къийла.
БIаьстенца – зезагаш. Iа догIу шийла.

* * *

Хилац вай дахарехь хастамца хийла,
Могашалла – хазна йу, цамгар йу гIийла.
Вай маьрша, декъала, ирсе дехийла!
Безамца дахар ду. Валар ду шийла.

* * *

БIаьргаш дIабиллича, чекхдолу гIан,
Гуш хаза хиллехь а, беш дагна там.
Самваларх воккхавеш ма йогIу хан,
Биэ, адам, дийна хьо хиларан хам.

* * *

Дика ду диканиг диканца ларар,
ГІиллакхца марзо йу, йац иза мадар.
Дика дац диканна неІарш тІечІагІар, –
Сонтачо ша-шена йожайо мажар.

* * *

Дайн дита, ваз ца луш, дахарехь болар,
ДІайаккха йуьхь тІера ца оьшу кхолар.
ШайтІа ду лоьхуш дерг боданца толар –
Теш хІотто воллу хьо Эхартахь вуон лар?

* * *

Іесаллин къизаниг совбаьлча бала,
ЖовхІарех йинехь а, йухуш йу гІала.
Нийсачу новкъа гІуо, цуьнца савала.
ГІулч йаккхахь, хьуна тІе итт йоккху Дала.

* * *

Бакъ долчу хІуманна букъ тоьхна латта
Бакъо йац, мегар дац. Бакъоне дерза!
Къай-меллий узуш ду Мийзанан терза,
Къа даздан воллу хьо, харц хьешна латта?

* * *

Бакъонах, нийсонах, ийманах кхиа,
Шалхонаш, шеконаш, харцонаш йита.
Элирий-бахарий ду эладита,
Хьекъал дерг – корта бу, йаьссаниг – туьта.

* * *

ГIиллакхца-гIуллакхца сийлахь ду дахар,
Ийман ду, Ислам ду диканца дазар.
Хьарамчу некъан некъ, хадабеш, чIагIар
Декхар ду, бакъо йу. Дукъ ма де асар.

* * *

МостагIчун чIир эца йассийнехь ботт,
Шаьлта хьан накъост ву, ира бу мотт.
ЦIарна и йаьккхинехь, йассаеш ботт,
ЦIе йожо бу хьуна шаьлтанан мотт.

* * *

ТIоьхлара къегина, йуккъера телхина
Дахарехь хийлазза нисло-кха стом.
Ботт хиларх шаьлтанан детица кхелина,
Мукъ боцчу шаьлтанца муха бо тIом?

* * *

Мел долчу хIуманна тоьхна ду доза,
Ца деха шелонехь йовхонан хьоза.
ХIораммо ша йаздо Эхартан йоза,
Дуьненахь, Эхартахь харцо йу оза.

* * *

Нийсонца, бакъонца, безамца ваха,
Комаьршо-марзо йу, беркат ду сагIа.
Харцонан лаг лаца, некъ цунна чIагIа,
Йу хилий ма ваха – тоьгуш бу маха.

* * *

Барз лекха хIоттийна, ваьллариг буьххье,
Ор хьанна дуьту ахь, йезаш верг лакхе?
Дика-м го буьххьера, йац иза къайле.
Борз иэша йоллу-те, ор дуьтуш чевле?

* * *

Нийсонна, бакъонна харцонца догIа
Тохалац. Эрна ду, – Дала и боху.
Нох доццчу готанца латта ца оху,
ЙуьхьIаьржа хир ду шу: бакъо йу чIогIа.

* * *

Тобанаш дукха йу, некъаш ду шорта,
Де дийне мел дели, эхарт ду герга.
Нийса некъ лоьхуш верг серлоне гІорта,
Мел долчу хІуманна Калам ду корта.

* * *

Марчоно хьулдина, догІмашца дерзина,
Са кхуллуш – болийна, дІаоьцуш – бирзина,
Дуьнен чохь лар йуьтуш эхартахь теш хІотта,
Гуо эцна доьрзу вай хІораммо ша бина.

* * *

Хьайн дегІан лай хилла, дебийна хьашташ,
Дицдина хилар хьо Кхоьллинчун лай,
Мел ваха воллу хьо, мила ву вехаш?
Бой – теша Эхартахь Іаьржа некъ кІайн?

* * *

Даьржина рицкъанаш гулдина хьарам,
Харцонах некъ бина, хІоттийна бахам,
Бусалба кхолларна ца бинарг тІалам,
Са бІаьрзе хьовзийча, чекхболу барам.

* * *

Массо а хIуманна шен-шен йу зама,
Вац хьуна хууш верг хиндериг кхана.
Хилалахь кийча хьо: Iожаллех вала
Цхьа а вац кхоьллина цхьаъ волчу Дала.

* * *

Харцонан харцо йу гергара хьаша,
Харцонаш – бала бу, бода бу Iаьржа,
Иблисан серло йу, гIала йу – бала,
Ларвойла бусалба харц некъах Дала!

* * *

ХIораннан шен-шен бу дахаран уьйриг,
Хьаса, тай, чуха, муш, тIийриг –
Эхартан кечам бу дуьнен чохь бийриг,
Са ма ду тIум хIуьнан, духар ду чкъуьйриг.

* * *

Дахаран уьйриг бу хIораннан цхьаъ,
Бо цунах хьарамчу некъаша баI.
Бахь и – хьо бехке ву коьртачех цхьаъ,
Ца кхетахь – вехар ву хьо, хилла баI.

* * *

Ма гІерта бакъонан хадо хьо хир,
Эрна ду – ца хеда, ца оьшу тир.
Харцонца хаддаза латтайе чІир,
Бакъоно хададо харцонан хир.

* * *

Эрна ду, ма вийла, накъост, хьо карзах,
Некъ бу ахь хаьржинарг хих, цІарах, дорцах.
Харцонан лаг лаца карош бу морзах,
Иймане ца вагІахь, вогІур вац орцах.

* * *

Ца йеза, йоІ, суна шелонан чилла,
Цул чІогІа ца деза йамартло, хІилла.
Сан цаьрца гергарло цкъа а ца хилла,
Дезачо дезаш дерг дуьтур дац Іилла.

* * *

Хьо дІаса ма леста, хІай муьста берам,
Валац со битаза, ца хилча лерам.
Ца гІерта таса со цхьанне а кхерам,
КІордийна тІуо боцу йекханиг – берам.

* * *

Ас, адам, ца боху аьттонах дала,
Бойла и ийманехь мел волчун Дала.
Хьарамчу некъашца аьтта халкъ, гІала,
Цу новкъа вай долхахь – сов хир бу бала.

* * *

Шиъ йелла Кхоьллинчо хІуманна агІо,
Ийман ду аьттучу агІонан чІагІо.
Аьрручун шайтІа ду тхов, беда, рагІу.
Муьлха йу, хІай адам, ахь лаьцна агІо?

* * *

Мел долчу хІуманна шен-шен йу хан.
Сихйича, хено во хеназа къан.
Йац иза къанлуш верг вийр волуш къон,
Массо а шен хенахь дика бу стом.

* * *

Дуьнен чохь йоккхуш йерг хан кІезиг йу хьуна,
Кхааннах цхьа дакъа набарехь ду хьуна.
Ткъа важа ши дакъа – беральа, къаналла.
Эхартан доза дац, хастамбе Далла,

* * *

Набарха бевлла, хьан бІаьргаш дІабеллалуш,
Хастамбе дийна хьо хиларна, адам.
Наб йеъна, набарна бІаьргаш дІакъовлалуш,
Ахь Далла хастамбе – Цуьнниг бу лаам.

* * *

Стом баккха кховдале, ораме хьовса,
Ма-дарра хуур ду гІиллакхаш довза.
Цакхетарг вехар ву дахарехь шийла,
Хуьлуш ду хьу кхетта орамаш хийла.

* * *

Каш-лахьтий, барз-чурттий бІарлагІан барам
Хилла Іаш дац хьуна – хІусам йу гуш.
Дуьненан бахамех эхартан бахам –
Іамал бен, йац хьуна вай цига хьош.

* * *

Дуьнен чохь гулдинарг харц новкъа, хьарам
Эхартахь Іазап ду. Буй иза бахам?
Мел долчу хІуманна Делан бу барам,
Къастаде, адам, ахь хьаналчух хьарам.

* * *

Лууараш, дезараш, оьшураш пхьеран
Дукха ду, барам бац, доза дац церан.
Хастамца вахалахь, ца волуш хьера,
ШайтIано ма воккху сонтаниг цIера.

* * *

Дуьне а, эхарт а дезаш дерш сирла
Адмашна, жинашна Калам ду Iилма.
Шалхо а, харцо а, йамартло, хIилла
Лар йуьтуш дац шуна цхьанхьа а сирла.

* * *

Дуьненан – тIаьххьара, эхартан – хьалхара
Де догIур ду хьуна хIораннан шен.
Болоза, берзоза болх буьтуш пхьеран,
Ца хоьттуш догIу и кечамца Iен.

* * *

ХIай, дуьне лоьхуш берш, дIатоьттуш эхарт,
Дуьне ма доца ду. Мел ду-те Эхарт?
Лоьхург а ца карош, уьдуш, и каро,
Дохку шу, дIатоьттург ца лоьхуш каро.

* * *

ХІай, Нана-ДегІаста, иймане йола!
Харцонца пурба дац ДегІаста кхуола.
Багабе шайтІанан мохь – ларча-хуола,
Кхоьллинчун бакъо йу кхоьллинарг туоло.

* * *

Бакъ новкъа воьдуш верг декъалво Дала,
Ийман ду дезаш дерг цу новкъа вала.
Мел дукха некъаш ду дакъаза вала…
Байттамал хирий-те? Лардойла Дала!

* * *

Дог-ойла, са пана даьккхина, даьхьна,
Іехош сох къаьстинарг йамарта дІа,
Ца оьшу, ца деза хІилланех бахьна,
Со бІаьсте йезаш ву, дезаш вац Іа.

* * *

Ца йеза, йоІ, суна шелонан чилла,
Цул чІогІа ца йеза йамартло-хІилла,
Сан цаьрца гергарло цкъа а ца хилла,
Дезачо дезаш дерг дуьтур дац Іилла.



ЧУЛАЦАМ

ТЕРКО ЙУКЪ ЙОСТУЧОХЬ... *Бурчаев Хьалим* 3

ДАЙМОХК. НАНА. НОХЧИЙЧОЬ

Даймохк 17
Нохчалла 18
Ненан мотт 20
Нохчичун нохчалла 21
Нохчийн махкахь 23
Орамера нохчий 25
Хьаша ву ломахь со 27
Тхан хастам, шукур ду, йа АллахI, Хьуна! 28
Ницкъ лохьа, йа АллахI, толамца гIатта! 30
Дика а, вуон а узуш ду терза 32
Дуьне а, эхарт а 34
Сан хьоме, хьомсара адамаш 36
ШайтIане урх ма ло, адам! 37
Вина де даздеш 38
Маьлха-Аьзна – нана тхан 40
Керла шо 42
Дала мукъалахь 44

Тоба де 46
«Оьшучун, дезачун…» 48
Хьомсара нана 49
Лакхе 50
Дика а, вуон а Делера ду 51
Йе-е, гора, кура кIентий! 53
«Вай дуьнен чу довлучу хенахь…» 56
Дуьйлина Iад 57
Iеха ма ло 58
Меца са 60
Йицйина зама 61
Хиндерг 62
Низам ду иштта цигахь 63
Дахаран биъ бIогIам 65
«Адамашна зиэделла дуьне ду, моьттура…» 67
«Мел долчу хIуманан...» 68
«ХIораннан шатайпа хуьлуш ду гар…» 69
«Схьаала, боху ахь?..» 70
Хьан боху? 71
Кхолларан, верзаран хан 72
Мичхьа, муха, маца 73
Къизачу харцонийн 74
Хезна йуьйцуш вай 75
«Да-нана, йиша-ваша…» 76
«Боьхачу харцонийн…» 77
«Дуьненан Iилманийн…» 78
Даймохк – сирла ойла 79
Беркатан чалх 81
Ирс хилац ах 82
Ирсан орам 83

«Сихалла…» 85
«Собарде, сатоха…» 86
«Даймахках къаьстина...» 87
Нохчийн меттан хазна 88
Зама 89
Болх эца пхьеран 90
Малхана декхар 91
Лорах ваьлларг 93
Йездари-боздари 95
Беза суна синкъерам 98
Борз йуьсур йац жоьра 99
«Сий – тІалам…» 100
«Шелонца ваьхна.…» 101
Ирсечу бераллина 102
Беркате чІегІардиг 103
Да-нана 105
Нана 106
Йахалахь, нана 107
Гечдехьа, йа АллахІ, къинхетам бехьа! 109

БЕЗАМ ЛУЧО ЛУШ ЙУ ХАН

Нанас суна цайинарг 113
Хьо ца йезарг адам дац 115
Мелахьаьжа гуьйре 116
Ахь сан ойла тІомайаькхи 117
Маржа йаІ! 119
Даймехкан Іаламехь 120
Жималла 122
Кийча ву со 124
Мох 126

Ларво хьаша 127
Терк 128
Дуьсур ду-те, стаг, вай меца? 130
Жималла 131
Ирсе безам лоьху ас 132
Гуьйренца ломахь 133
Весет 135
Іаьржа бІаьргаш 136
Пурба ло 138
Дош луо суна 139
Йехийла ирсе 140
Йац-те хьан безамца 141
Винчу денца 142
Хьо соьга йагІахь 144
Безам лучо луш йу хан 145
Декхаро ца вийна цхьа а 147
Зезаг кІайн 148
Мехкан дай 150
Сан деган гІала 151
Ахь лоьхург ву со 153
Ишттачу кІанте со гІур йу 155
Хьо – безам 157
Хьуна лаахь 159
Безаман жайна 160
Хенал хьалха хилац хан 161
ЦІенчу дагца 162
«БІаьргаш бехке бу-те...» 163
Зезаг сийна 164
Сан баьрче и йоІ хьийзийла 165
Безам Іехо пурба дац 166

«Іаьнан чиллахь...» 167
Ма йола соьга 168
«Алахьа, йоІ...» 169
Йезачу йоІе 170
Хьоме тераниг 172
Зуда йолчу кІанте 174
Воккхаверца хьоьжуш Іа со хьоьга 176
Сан кІорни 178
Со-м, нана, цецйаьллий 180
Маьлхан зІаьнарш – седарчий 181
Дика кІентий – дика гІала 183
Къонах вехаш цІарца Іа 185
Эрна хан ма йайъалахь 186
Кхунна-м девзий, хаац, вай 187
Цициг, жІаьла 188
Тайна «лекъ» 189
ЧІегІардиг 190
ГІургІаз, тодакх, гІаргІули 192
Леча 193
Алкханчаш 195
Ломахь бІов 196
Къа ца хьегча, йац ирхо 197
Тахана, кхана 199
КІаггий, оррий 200
Аьшкаллий, беллий 201
Куьрк 202
Дарба 203
ЦІузам, цІуза 204
Дагардарш 205
«Шаьлта, доьхка…» 206

«Мангал, чІода...» 207
Зули йац и наб йеш Іийриг? 208

МА БОГІА ГУР АХЬ, МА ДАККХА ОР

БиъмогІанаш 209

Литературно-художественное издание

БУХАДИЕВ МУСА

ТЕРКО ЙУКЪ ЙОСТУЧОХЬ

Редактор *Бурчаев Хьалим*
Корректор *Арсанукаев Муса*
Обложка/Вёрстка *Ганаев Заур*

Заказ №
Формат 84х108/32
Усл.печ.л. Тираж 500 экз.

Отпечатано в типографии АО
«Издательско-полиграфический комплекс
«Грозненский рабочий»
ЧР, 364026 г. Грозный,
ул. Санкт-Петербургская, 12/35

Для заметок

Для заметок